**O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

Tariyx-huqıq fakulteti

Milliy ideya, ma'nawiyat tiykarları ha'm huqıq ta'limi qa'niygeliginin'

4- kurs pitkeriwshisi Bazarbaev Ulug'bektin'

# PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI

TEMA: **«Jaslardin' milliy sanasin jetilistiriwde milliy ta'rbiya usillarinan paydalaniw»**

İlimiy basshısı: f.i.k., dots. A.Bayrıeva

Kafedra baslıg'ı: f.i.k., dots. A.Bayrıeva

No'kis 2012

## Jobası

**Kirisiw**

**I-bap. Ta’limde milliy ta’rbiya ma’seleleri**

I.1.Ta’lim-ta’rbiya protsessinde milliy sananı rawajlandırıw usılları.

I.2. Milliy ta’rbiya ma’selesinde xalıq pedagogikasının’ a’hmiyeti

I.3.Milliy qa’driyatlar ja’rdeminde milliy sananı jetilistiriw ma’seleleri

**II-bap. Milliy qa’driyatlar ha’m milliy ta’rbiyanın’ uyg’ınlıg’ı**

II.1.Milliy qa’driyatlar ja’rdeminde milliy sananı jetilistiriw ma’seleleri

II. 2. Jaslarda milliy sananı jetilistiriwde ma’ha’llenin’ roli ha’m ornı

**Juwmaqlaw**

## Kirisiw.

Jaslardı milliy ruwxta ta’rbiyalaw bu’gingi ku’nnin’ en’ a’hmiyetli wazıypalarınan biri esaplanadı. O’ytkeni bu’gingi du’nyanın’ ulıwma ko’rinisine na’zer taslaytug’ın bolsaq xalıqlardın’ milliyliginen ayırıp, o’zligin umıttırıwg’a, olardı pikir qullarına aylandırıwg’a ha’reket etip atırg’an jawız ku’shler kimdi bolsa da tınıshsızlandıradı. Solay eken, biz bunday illetlerge qarsı gu’resiw ushın tiykarınan milliy sananı tolıq jetilistiriwimiz tiyis. Bizin’ ma’mleketimizde ta’lim-ta’rbiyada milliylikke ayrıqsha itibar berilmekte. Ja’miyetimizdin’ ha’r ta’repleme u’lken jetiskenliklerge erisiwi, onın’ pa’rawan turmısı ha’m keleshegimizdin’ jarqın bolıwı biz ta’rbiyalap atırg’an perzentlerimizdin’ ruwxıy ha’m ilimiy da’rejesine baylanıslıdur.

Ha’r qanday ta’rbiyanın’ da’slepki fundamenti shan’araqta qoyıladı. Shan’araq muqa’ddes da’rgay. Ol ha’r bir insannın’ Jan uyası, o’sip kamalg’a jetetug’ın teberik za’minidur. Onın’ bekkemligi perzentlerdin’ keleshegin ta’miynleydi. Sonlıqtan da Prezidentimiz İ. A. Karimov bıyılg’ı 2012 jıldı «Bekkem shan’araq jılı» dep dag’azalap, sol tiykarda ja’miyetimizdegi ha’r bir shan’araqtın’ ma’mleket ta’repinen ha’r ta’repleme qollap quwatlanıwı ta’miynlenbekte.

Usı jıldın’ “Bekkem shan’araq jılı” dep ja’riyalanıwı mu’na’sibeti menen 2012-jıl ushın belgilengen maqsetlerge erisiw boyınsha da’stu’riy is-ilajlardı a’melge asırıw, sonın’ menen birige, ja’miyettin’ ruwxıy tiykarların tag’ı da bekkemlewde shan’araqtın’ ornı ha’m ta’sirin asırıw, ha’r bir shan’araqtın’ finanslıq parawanlıg’ın asırıw arqalı xalıq parawanlıg’ın joqarılatıw ma’selelerine ayrıqsha itibar qaratıldı[1].

Ta’rbiya protsessinde milliy sananı qa’liplestiriw ma’selesi a’piwayı usıllardı qollanıwdan baslawdı talap etedi. O’ytkeni insan sanasının’ strukturasının’ o’zi solay quralg’an, yag’nıy a’piwayılıqtan quramalılıqqa shekemgi bolg’an elementler tiykarında rawajlanadı.

---

[1] İslom Karimov. 2012 yil Vatanimiz taraqqiyotini yangi bosqichga kwtaradigan yil bwladi. T.: O’zbekiston, 2012 yil, 31-bet.

.

Milliy ma’deniyatımızdın’ qayta tikleniwi, turmısqa endiriliwi, pedagogikalıq ta’lim-ta’rbiyada xalıq awızeki do’retpelerinen ken’nen paydalanıw, milliy oyınlarımızdın’ ta’rbiyalıq a’hmiyetinin’ ilimiy jaqtan u’yreniliwi ha’m ta’rbiya protsessinde qollanılıwı mektep balalarında milliy sananı qa’liplestiriwdin’ da’slepki a’piwayı, lekin en’ utımlı formalarınan bolmaqta.

Mektep programmasına kiritilgen «A’deptanıw», «Watan tuyg’ısı», «Ruwxıylıq tiykarları», «Milliy g’a’rezsizlik ideyası» pa’nleri biz u’yreniwdi maqset etip alg’an temag’a tikkeley qaratılg’an. Degen menen milliy sananı qa’liplestiriw tek g’ana arnawlı pa’nler tiykarında a’melge asırıw bolmaytug’ın, onı barlıq pa’nlerdin’ tiykarında, ku’ndelikli turmısta, mektepten tısqarı ta’rbiyalıq jumıslarda u’ziliksiz dawam ettiriw za’ru’r.

Milliy ta’lim-ta’rbiya tiykarında jeke adamnın’ milliy ma’deniyatı ha’m psixologiyası qa’liplesedi ha’m rawajlanadı. Milliy o’zligin tu’siniw ta’miynlenedi, ana-tilin sapalı u’yreniw jolg’a qoyıladı. Ta’lim-ta’rbiya barısında u’rp-a’det, da’stu’rlerdin’ xalıq pedagogikası u’lgileri, ulıwma adamshılıq ha’m milliy miyraslardı u’yreniw menen olardı qa’liplestiriwde qaratılıp bular ta’lim mazmunı, oqıw bag’darlamaları, sabaqlıqlar, oqıw qurallarının’ mazmunın bayıtadı.

Xalıq pedagogikası, ta’lim-ta’rbiyalıq da’stu’rler keyingi waqıtlarda mektep ha’m bilimlendiriw tarawının’ ta’rbiya ha’m oqıtıw usıllarına jetilistiriw dıqqat orayına aylanbaqta. Shınında da jaslardın’ iyelewi lazım bolg’an bilimleri, uqıp ha’m ko’nlikpeleri a’dep-ikramlıq, estetikalıq mu’na’sibetleri ha’m du’nyag’a ko’zqarasına ta’ni ideyalar, milliy qa’diriyatlar, milliy u’rp-a’det ha’m xalıq pedagogikası negizinde anıqlanılıp milliyliktin’ sa’wleleniwin ta’miynileydi.

Biz pitkeriw qa’nigelik jumısımızda mine usı ma’selelerdi basshılıqqa alamız. Jumıstın’ tiykarg’ı maqseti de jaslarda milliy sananı tolıq jetilistiriwde milliy ta’rbiya usılların anıqlaw, olardan paydalanıwdı jolg’a qoyıwdın’ pedagogikalıq jaqların u’yreniwden ibarat.

# I-bap. Ta'limde milliy ta'rbiya ma'seleleri

## I.1.Ta'lim-ta'rbiya protsessinde milliy sananı rawajlandırıw usılları.

Ta'lim-ta'rbiya sistemasın o'zgerttirmey turıp sananı o'zgerttirip bolmaydı. Sana-sezimdi, pikirdi o'zgerttirmey turıp bolsa go'zlegen ullı maqset – azat ha'm abat ja'miyetti qurıw mu'mkin emes.

Milliy sana milletlerdin' sotsiallıq islep shıg'arıw iskerligi, miyneti, basqa milletler menen mu'na'sibeti protsessinde payda boladı ha'm til menen o'z-ara baylanıslıdur. Tilde sa'wlelengen na'rse, ha'diyse ha'm raqamlar millet sanasında o'z sa'wleleniwin tabadı ha'm subektiv obrazlar sıpatında onın' bilimine aylanadı. Sonın' ushın millet qa'liplesiw protsessinen baslap aq, o'tmishtegi ata-babalar ha'm ullı a'wladlar jaratqan buyımlar, tu'sinikler a'lemin ata-ana tili arqalı o'zlestirip barıp, o'z sanasın qarar taptıradı. Milliy sana ayrıqsha milliy ortalıqta payda boladı. Onın' qa'liplesiwine tariyx toplag'an bilimler, siyasiy ha'm huqıqıy ideyalar, iskusstvonın' erisken jen'isleri, a'dep, din ha'm sotsiallıq ruwxiyat, ulıwma, ja'miyetlik sana ta'sir ko'rsetedi. Milliy sananın' tariyxtag'ı unamlı a'hmiyeti sonnan ibarat, ol ja'miyetlik rawajlanıwda a'hmiyetli faktor bolıp xızmet etedi. «Haqıyqıy tariyxtı bilmey turıp o'zlikti an'law mu'mkin emes». Milliy sana tariyxıy ta'jiriybeni, aldın o'tken ata-babalar islep shıqqan bilimlerin ha'm sana-sezim-logika usılların o'zine sin'dirip alg'annan son', barlıqtı ideyalıq ta'rizde o'zlestiredi, wazıypalardı ortag'a qoyadı, keleshektegi qıyalıy proektlerdi du'zedi, insannın' pu'tkil a'meliy iskerligin belgileydi. Milliy sananı milliy iskerlik qa'liplestiredi, milliy sana da o'z na'wbetinde milliy iskerlikke tuwrıdan-tuwrı ta'sir o'tkeredi, onı belgileydi ha'm ta'rtipke saladı. Millet, o'z arzıw-u'mitlerin a'meliy ra'wishte ju'zege shıg'ara barıp, ta'biyattı, ja'miyetti, sonın' menen birge o'z sanasının' arqasında o'zin de o'zgerttiredi. Milliy sana ko'p a'sirlik tariyxıy da'wir sotsiallıq turmısı protsessinde jıynalg'an bilimler jıyıdısıdur. Shoralar ha'kimiyatı keleshekte milletler qosılıp ketedi, der edi. Milletlerdin' sanasın, ruwxiyatın bekkemlew ha'm rawajlandırıw kerek degen shaxslar xalıq dushpanı, dep qaralanıp, qatag'an jıllarında jazalandı. Endi, g'a'rezsiz o'zbekstan da'wirinde, milliy sana, ata-babalarımız qaldırg'an ma'deniy miyrasqa ha'm

qa’driyatlarımızg’a tayanıp, watanshıllıq maqtanısh sezimin ha’mmenin’ sanasına ornalastırıw birinshi da’rejeli wazıypadur.

Ga’rezsizlikke erisken millet o’z wazıypaların ulıwmamilliy ideya ha’m ideologiya sıpatında qanshama teren’ ha’r ta’repleme an’lap alsa, bul ideya ha’m ideologiyanın’ materiallıq ku’shke, do’retiwshilik faktorı ha’m g’ayratında aylanıwı sonshelli da’rejede na’tiyjeli boladı. O’zbekstan bu’gingi ku’nde qısqa da’wir ishinde u’lken jetiskenliklerge erisiwi o’zbek milletinin’ ken’peyilligi, basqa milletler ha’m elatlar wa’killerin o’z bawırına alıwı, ma’mleketimiz xalqının’ sanalılıg’ına, usı sana tiykarında ju’zege keletug’ın ekonomikalıq, sotsiallıq-siyasiy, ma’deniy-ruwxıy turmıstag’ı pidayılılıg’ına baylanıslı. Milliy sananı da’wir talapları da’rejesine ko’teriw ushın ma’mleketimiz ju’da’ u’lken islerdi orınlap kelmekte. Bunın’ ushın, birinshi gezekte, qaramlılıq, kelispewshilik, kemsitiliw seziminen qutılıwımız, ekinshiden, Oraylıq Aziyadag’ı o’z ornımızdı, insaniyat aldındag’ı minnetimizdi jaqsı biliwimiz ha’m, u’shinshiden, a’ne usı minnetti teren’ an’lap, ma’selelerdin’ bunday qoyılıwı tiykarlı ekeligin o’z sanamızg’a sin’diriw ushın o’z tariyxımızdı, ma’deniyatımızdı ha’m ma’nawiyatımızdı, da’stu’rlerimizdi ha’r ta’repleme u’yreniwimiz ha’m biliwimiz kerek.

Milliy sana ma’selesi shoralar da’wirinde teoriyalıq ha’m a’meliy tema sıpatında quwg’ın etilgen mashqalalardan biri edi. «Sana milliy bolıwı mu’mkin emes. Barlıq milletlerdin’ sanası bir qıylı. Olardın’ barlıg’ı bir maqsetke umtıladı. Ol da bolsa, kapitalizmnen ekspluatatsiyadan qutılıw», der edi. Ma’selege bunday qaraw milletler arasında parıq ha’m o’zine ta’n qa’siyetlerdi sezbewge, aqır-aqıbette olardı kemsitiwge alıp keledi. Bunday «ten’lik» tiykarında u’lken milletti imtiyazlı milletke aylandırıp qoyadı. Mayda ha’m az sanlı milletler bolsa tariyx digirsheginin’ astında qalıp ketpewi ushın u’lken milletke jaqınlasıwına ma’jbu’r edi.

O’zbekstan bizin’ xalqımızdın’ milliy sanasın ko’teriwge birinshi da’rejeli ma’sele dep qarag’an halda ma’mleketimizde jasap atırg’an barlıq millet ha’m

elatlardın' wa'killerinin' ma'deniyatı, tili, u'rp-a'detleri, milliy sanasının' o'siwi ushın barlıq sha'rayatlardı jarattı. Biz pedagoglar mine usı sha'rayatlardan o'nimli paydalanıp, ta'lim-ta'rbiya protsessinde xalqımızdın' milliy qa'driyatların ta'rbiya metodları sıpatında zamanago'y pedagogika talaplarına say paydalanıwdı jolg'a qoyıwımız ha'm unamlı na'tiyjelerge erisiwimiz o'zimizdin' ullı ha'm juwapkershilikli, qala berse qayırlı isimiz dep biliwimiz za'ru'r. To'mende milliy ta'rbiya ha'm onın' quramı ma'selelerin qarap o'temiz:

Milliy ta'rbiyanın' bas maqsetin iske asırıwda ta'rbiyanın' arnawlı quramlı bo'limleri-tu'rleri qollanıladı. Ta'rbiyanın' ha'r bir quramlı bo'liminin'-tu'rinin' bas maqseti; salamat a'wladtı ha'r ta'repleme u'ylesikli rawajlandırıw ha'm qa'liplestiriwde qatar wazıypaları boladı. Ta'rbiyanın' wazıypaları delingende ta'rbiyanın' jobalastırılg'an aqırg'ı na'tiyjesine, maqsetine erisiw ushın orınlanatug'ın talaplar siteması tu'siniledi.

**Milliy ta'rbiya to'mendegi quramlı bo'limlerden turadı:**

**aqıl, a'dep-ikramlılıq, miynet, huqıq, fizikalıq, estetikalıq, ekonomikalıq, ekologiyalıq, a'skeriy, diniy ta'rbiya.**

Diniy ta'rbiya ma'mleketlik emes oqıw orınlarında alıp barıladı. Ta'rbiyanın' ha'r bir quramlı bo'limi, tu'ri mektepte, sabaqta, klasstan ha'm mektepten tıs jumıslarda a'melge asırıladı. U'yde, balalar jasaytug'ın ortalıqta, ja'miyetlik sho'lkemler, ma'kan-ken'es ha'm awıl puxaraları jıyını jumıslarında dawam etedi.

Salamat a'wladtı barlıq ta'repten jetilistiriwde ha'r bir ta'rbiyanın' o'zine ta'n jeke wazıypaları boladı.

Aqıl ta'rbiyası jas a'wladtı kamalatqa jetkeriwde milliy ta'rbiyanın' jetekshi ha'm a'yyem zamanlardan beri qollanılıp kiyatırg'an tu'rlerinen biri. Dana xalqımız «Bilek su'rindirmegendi bilim su'rindirer» dep bilimnin'

qudiretli ku’shin, «Bilimli elge nur jawar» dep bilim xalıqtın’ abadan turmısı menen adam balası baxıtının’ gilti ekenligin tu’sindirip «Asıq oynag’an azar, top oynag’an tozar, ba’rinen de kitap oqıp bilim alg’an ozar» dep na’siyat etken, jaslardı bilim alıwg’a jollag’an. Onın’ menen de toqtapma «Alım bolsan’ a’lem seniki» dep ken’es bergen.

İsla ta’liymatında «Bir saat ilim u’yreniw tu’ni menen ibadat etip shıqqannan artıq»[2] dep aytıladı.

Bul da’liller xalıq pedagogikasında da, islam ta’liymatında da aqıl ta’rbiyasına ayrıqsha a’hmiyet berilgenligin ko’rsetedi.

Aqıl ta’rbiyasının’ wazıypaları to’mendegilerden ibarat:

1. Oqıwshılardı sanalı, izbe-iz ha’m bekkem tu’rde ilimiy bilimler sisteması menen qurallandırıw, du’nyag’a ko’z-qarasın qa’liplestiriw

2. Bilim, eplilik ha’m ko’nlikpelerdi turmısta sheber qollawg’a u’yretiw, o’z betinshe bilim alıw o’nerin iyelewge a’detlendiriw

3. O’zlestirgen bilimine quwanıw sezimin oyatıw, bilimdi o’z betinshe izlep tabıwg’a qumarlılıqtı rawajlandırıw, qıyınshılıqtı jen’iwge u’yretiw

[2] Muh’ammed payg’ambar qıssası. T., «Kamalak», 1991, 536-h’a’dis.

4. Biliw ku'shlerin, uqıplılıqların: seziw, qabıl etiw, tu'siniw, oylaw, este saqlaw, dıqqat, sezim ha'm basqa psixikalıq sıpatlardı qa'liplestiriw.

Ta'rbiya a'dep-ikramlılıq ta'rbiyasınan baslanadı. A'dep-ikramlılıq adamnın' bezegi, insaniylıq kelbeti ha'm o'mir mazmunı.

Ata-babalarımız balalardı jaslayınan kindik qanı tamg'an Ana-watanın su'yiwge, tuwg'an jerin qa'sterlewge, xalıqqa hadal xızmet islewge, ata-ananı, jası u'lkenlerdi hu'rmetlewge, jası kishilerge g'amxor bolıwg'a ta'rbiyaladı. Jaslarg'a «El qa'dirin er biler», «Er jigit el ushın tuwıladı, el ushın o'ledi», «O'zge elde sultan bolg'anshı, o'z elin'de shopan bol» dep na'siyatlaydı.

**A’dep-ikramlılıq ta’rbiyasının’ negizgi wazıypaları:**

- Oqıwshılardı milliy g’a’rezsizlik sana sezimdi, watandı su’yiwdi,joqarı insaniylıqtı ta’rbiyalaw, bilimdan bolıwg’a ha’wes oyatıw.
- O’zligin u’yreniwge, o’zligin qa’dirlewge ha’m onı maqtanısh etiwge ta’rbiyalaw
- A’dep-ikramlılıq sananı: tu’sinik, bilim, sezim, isenim ha’m ko’z-qarastı qa’liplestiriw
- Ag’la minez-qulıq ko’nlikpe, a’det ha’m sanalı ta’rtipti ta’rbiyalaw
- Xarakter qa’siyetlerin, erk sıpatların(maqsetke umtılıw, baslamashılıq, belsendilik, turaqlılıq) rawajlandırıw.

Miynet ta'rbiyası. Xalqımız turmıstın' miynetin de, miynettin' ra'ha'tin de ko'rgen xalıq. Ana watanımızdag'ı ruwxıy ha'm materiallıq baylıqlardın' barlıg'ı xalqımızdın' man'lay teri, do'retiwshilik penen islegen hadal miyneti tiykarında jaratılg'an. Miynetkesh xalqımız jaslardı miynet protsessinde kamalg'a keltirgen. Hu'jdan menen miynet islewdi, miynetti su'yiwdi, miynet adamların hu'rmetlewdi, miynet na'tiyjesinde jaratılg'an baylıqlardı qa'dirlewdi, u'nemlewdi, ısırapkershilikke jol qoymawdı jaslardın' ku'ndelik turmıs talabına ha'm minez-qulıq a'detine aylandırg'an. Miynet baslı ta'rbiyashı ha'm ha'r ta'repleme rawajlanıwdın' negizgi deregi degen juwmaqqa kelgen. Bunı xalqımız jaratqan mına naqıl-maqallardan da an'lawg'a boladı:«Miynettin' ko'zin tapqan, baxıttın' o'zin tabadı», «Altın otta belli, adam miynette belli» ha'm t.b.

Miynet ta'rbiyası o'z aldına to'mendegi wazıypalardı qoyadı:

1. Oqıwshılarda miynet xalıqtın' abadan turmısı menen insan baxtının' negizi ekenligi haqqında isenim payda etiw.

2. Miynet islew eplilik ha'm ko'nlikpelerin qa'liplestiriw

3. Miynetke, miynet adamlarına, miynet na'tiyjesinde jaratılg'an materiallıq ha'm ruwxıy baylıqlarg'a unamlı qatnastı ta'rbiyalaw

4. Miynetke muxabbattı, miynettin' na'tiyjesinen la'zzetleniwdi ha'm quwanısh penen miynet etiw sezimin rawajlandırıw

5. Jalqawlarg'a, jatıpisherlerge, birewlerdin' esabınan jasawshılarg'a, insapsızlarg'a degen jek ko'riwshilikti ta'rbiyalaw.

Dene ta'rbiyası. «Birinshi baylıq – den sawlıq», «Den sawlıq-teren' baylıq», «Sap denede-sap aqıl» xalqımızdın' jaslarg'a dene ta'rbiyasın beriwde bas uranı bolg'an. Bul danalıq penen aytılg'an ga'plerdin' jaslardı deni saw, ku'sh-g'ayratlı, miynetke tayar, qıyınshılıqlardan qorqpaytug'ın ha'm onı ma'rdana jen'etug'ın,

Ana watandı dushpanlardan ma’rtlershe qorg’ay alatug’ın etip ta’rbiyalaw, xalqımızdın’ arzıw-a’rmanı, a’diwli maqseti bolg’an.

Dene ta’rbiyasının’ wazıypaları to’mendegilerden ibarat:

1. Dene rawajlandırıwın jetilistiriw, den sawlıqtı bekkemlew, miynet islew iskerligin arttırıw.

2. Oqıwshılardı fizikalıq ma’deniyat ha’m sport haqqında arnawlı bilimler menen qurallandırıw.

3. Ha’reket uqıplılıqların rawajlandırıw, a’meliy ha’m sport ko’nlikpelerin qa’liplestiriw.

4. Unamlı sezimlerdi rawajlandırıw, dene shınıg’ıwı menen shug’ıllanıwdı talapqa, a’detke aylandırıw

5. Oqıwshılarda a’dep-ikramlılıqtı, xarakter qa’siyetlerin ha’m erk sıpatların ta’rbiyalawg’a ja’rdemlesiw.

Ekologiyalıq ta’rbiya. Xalıq pedagogikasında ekologiyalıq ta’rbiya ug’ımı qollanılmag’an. Ol tilimizge grektin’ «Oikos» u’y, turaqjay, watan, «Logos» ilim degen so’zinen kirgen bolıp bizin’she insannın’ ortalıq penen o’z-ara qatnası degen ma’nisti an’latadı. Sonlıqtan xalıq jaslarda o’zin qorshap turg’an ortalıqqa, ana ta’biyatqa unamlı mu’na’sibetti ta’rbiyalaw ug’ımın qollag’an. GMDA ma’mleketleri pedagogikasında «ekologiyalıq ta’rbiya» tu’sinigi keyingi jıllarda payda boldı.

Xalqımız burınnan jerdin’ de, suwdın’ da, ta’biyattın’ da, qorshag’an ortalıqtın’ da qa’dirine jetken ha’m balalardı miynetke tikkeley qatnastırıw protsessinde olarg’a usı ag’la pa’ziyletlerdi sin’diriwdi maqset etken. «Ana jer suw menen saqıy», «Jer - g’a’ziyne, suw – ga’whar», «Suw keldi, nur keldi», «Jol jag’alap qonba, ko’l jag’alap qon» dep balalardı ortalıqtı, ta’biyattı qorg’awg’a u’yretken.

Oqıw jobasındag'ı barlıq pa'nler o'zlerinin' mu'mkinshiliklerine qaray oqıwshılarg'a ekologiyalıq ta'lim-ta'rbiya beriwde o'z u'leslerin qosadı. Oqıwshılar ta'biyatqa ha'm ortalıqqa sanalı qatnas jasawg'a, ta'biyat baylıqların u'nemli, itiyatlıq penen paydalanıwg'a, ısırapxorshılıqqa jol qoymawg'a u'yrenedi.

Adam ta'biyattın' bir bo'legi ekenligi, janlı ha'm jansız ta'biyat tuwralı bilimler aladı.

Ekologiyalıq ta'rbiyanın' wazıypaları to'mendegilerden ibarat:

1. Oqıwshılarg'a ekologiyalıq bilim beriw

2. Ekologiyalıq ma'deniyattı qa'liplestiriw, o'zin qorshag'an ortalıqtı, ta'biyat baylıqların qa'dirlewge, olardan u'nemli paydalanıwg'a, ısırapkershilikke jol qoymawg'a a'detlendiriw

3. Ta'biyat baylıg'ın ko'beytiwge, ekologiyalıq jag'daydı jaqsılawg'a qatnastırıw, ekologiyalıq qa'driyatlardı sin'diriw.

4. Qorshag'an ortalıqqa, ta'biyat baylıqlarına zıyan keltiriwshilerge qarsı gu'res alıp barıwg'a ta'rbiyalaw.

Milliy ta'rbiyanın' negizi – bilimli, ruwxıy jaqtan bay, joqarı adamgershilikli, o'z betinshe erkin, jan'asha pikirleytug'ın, sap deneli, go'zzal kelbetli, xalıq ushın hadal xızmet etetug'ın, watandı muqa'ddes biletug'ın, ha'r ta'repleme u'ylesikli rawajlang'an salamat a'wladtı kamalg'a jetkeriw, qatar wazıypalardı sheshiw menen turmısqa asırıladı.

### I.2. Milliy ta'rbiya ma'selesinde xalıq pedagogikasının' a'hmiyeti

Ha'r bir xalıqtın' o'zine ta'n turmıs qa'lbi, o'tmishi ha'm keleshegi menen baylanıslı u'rp-a'det, da'stu'rleri boladı. Solardın' biri, to'rkini uzaq a'sirlerden baslanatug'ın qaraqalpaq xalqının' u'rp-a'detleri, ta'rmıs qa'lbi, xojalıq

o'zgeshelikleri, ta'lim-ta'rbiyalıq da'stu'rleri esaplanılıp bunın' ishinde shan'araqtag'ı da'stu'rleri, bundag'ı bala ta'rbiyalaw qubılısları o'zine ta'n bay o'zgesheliklerge iyeligi menen dıqqatqa miyasar.

Bala ta'rbiyasına baylanıslı shan'araqtag'ı u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerdi teren'nen u'yreniw ha'm paydalanıw ilimiy tiykarlang'an pikirlerdi bayıtıw, usıllar tiykarında keleshek a'wladlardı ta'rbiyalaw, a'meliy ta'rbiyalıq jumıslardın' sapasın arttırıw qa'siyetine iye. A'yyem zamanlarda xalıqtın' ilimi ele a'piwayı da'rejede ko're ko'rinbegen waqıtlarda jas a'wladtı ta'rbiyalaw tiykarınan xojalıqta a'melege asırılıp, bunda ta'biyiy ha'm ja'miyetlik ha'reketler sheshiwshi rol atqarıp otırg'an. Sonlıqtan xalıq pedagogikasının' tiykarı bolg'an xalıqtın' shan'araq ta'rbiyasına baylanıslı ta'jiriybe ha'm da'stu'rlerin u'yreniw ayrıqsha a'hmiyt atqaradı.

Shan'araq da'stu'rlerinin' payda bolıwı ha'm qa'liplesiwi bul quramalı ha'm ja'miyetlik qubılıs bolıp, bul haqqında xalıqtın' dana pikirleri, a'dep-ikram ta'rtipleri, insandı hu'rmetlew ha'm qa'dirlew a'detleri o'z ko'rinisin tapqan. Sonın' ushın ha'r bir jas a'wlad ta'rbiyasına ata-babalarımız ta'repinen tariyxıy sha'rayatta jaratılg'an unamlı da'stu'rlerdi o'zlestiriwimiz ha'm onı inabatqa alıwımız za'ru'r.

Shan'araq ta'rbiyası ha'mi da'stu'rlerine balalardın' qa'liplesiwine ta'n ulıwma adamshılıq qa'siyetke baylanıslı xalıqtın' a'meliy ma'sla'ha'tleri, usıl ha'm qag'ıydaları kirip, bular; xalıqqa tez sin'iwshilik qa'siyetleri menen ajıralıp turadı. Basqa xalıq da'stu'rleri sıyaqlı shan'araq da'stu'rlerinde sol xalıqtın' tariyxı, ku'n ko'ris sharayatı ha'm turmıs qa'lpi menen baylanıslı o'tmishi ha'm keleshegi o'z ko'rinistin tabadı. Xalıq pedagogikasının' o'mishen'ligi onın' a'wladtan a'wladqa u'lken qızıg'ıwshılıq penen o'tiwinde. Ma'selen, xalqımız erte zamanlardan-aq xalıqlıq do'retiwshilik jol menen pedagogikalıq ta'sir jasap bular ta'rbiyalıq usıllar sıpatında balalarg'a ana ha'yyiwi menen sin'dirilip otırılg'an.

Shınında da ha'r bir xalıqtın' jas a'wladtı ta'rbiyalap kamalg'a keltiriwinde, sol xalıqtın' uzaq a'sirlerden beri kiyatırg'an shan'araqqa baylanıslı da'stu'rleri menen oy-pikir tu'sinikleri boladı. Bular da'stu'r sıpatında xalıqtın' ertedegi

turmısınan awızeki do'retpesinen, milliy ko'rkem o'nerinen, xalıqlıq u'rp-a'deti menen ma'deniy miyraslarınan kelip shıg'adı. Sonlıqtan shan'araq ta'rbiyası boyınsha xalıqtın' aldın'g'ı rawajlang'an da'stu'rlerisiz pedagogikalıq protsessti ko'z aldımızg'a keltire almaymız.

Qay da'wirde bolmasın adamzat aldında turatug'ın baslı minnetlerdin' biri bul aqıl-oylı, miynetkesh, miyrimli bala ta'rbiyalaw bolıp kelgeni tariyxtan belgili. Ha'r bir xalıq o'zinin' keleshek a'wladın hadal, haq kewil, kishi peyil, ar-namıslı etip ta'rbiyalawdı aldına maqset etip qoyadı ha'm bunın' ushın a'sirler boyı ata-babalarımızdın' turmısınan o'tken, o'mir ta'jiriybelerinde ken'nen qollanadı. Biz qaysı xalıqtın' pedagogikasına na'zer salsaqta usılardı ko'remiz.

Qaraqalpaq xalqının' bala ta'rbiyası boyınsha a'yyem zamanlardan beri jıynap tergen, puxtalap saqlap kiyatırg'an mol ta'jriybeleri menen ta'rbiyalıq da'stu'rleri og'ada ko'p. Bunı xalqımız o'zlerinin' en' jaqsı qa'siyetleri menen bayıtıp, ul qızlarının' boylarına sin'irip kiyatır. Xalıqlıq ta'rbiya, a'sirler boyı saylanıp, saralanıp adamlardın' oy-a'rmanı, turmıs tirishiligi, ka'sip-ka'ri, xojalıq, ja'miyetlik milliy ta'lim-ta'rbiyalıq da'stu'rleri menen tıg'ız baylanıslı du'nyag'a kelgen ha'mi a'wladtan a'wladqa o'tip kiyatırg'an tariyxıy miyras bolıp tabıladı. Sonlıqtan qansha da'wir o'tse de xalıq pedagogikasının' shan'araq ta'rbiyasına baylanıslı hasıl ta'liymatları ta'lim-ta'rbiya jumıslarının', shan'araqtın', ja'miyetshiliktin' negizgi wazıypası bolıp saqlanadı.

Xalıq pedagogikasındag'ı ta'rbiyalıq da'stu'rler menen u'rp-a'detler o'zinin' o'mirshen'ligi menen sana sezimimizge, turmısımızg'a ku'shli ta'sir etedi. Bular perzenttin' du'nyag'a keliwi menen qollanılatug'ın shan'araqtag'ı u'rp-a'detler ha'm tuwısqanlıq qarım-qatnaslar, az-azdan u'yretilip baratug'ın aqıl na'siyatlar.

Xalıq pedagogikasında ta'rbiyanı bala tuwılg'annan ha'tte onnan aldın iske salg'an. Ha'tteki xalqımızda perzentke ta'rbiyanı a'hmledar waqıtta ju'rgiziw da'stu'rleri bar. Shan'araqta jan'a insannın' du'nyag'a keliwi barlıq xalıqlar erte da'wirlerden-aq adam o'mirindegi en' quwanıshlı waqıya sıpatında belgilep kelgen.

Kindik sheshe, bul perzent jaqtı du’nyag’a shıqqanda og’an birinshi ja’rdem ko’rsetetug’ın kindigin kesetug’ın hayal. Bul xalqımızdın’ da’stu’ri boyınsha na’restenin’ ekinshi anası bolıp esaplanadı. Sonlıqtan balanın’ ta’biyatındag’ı ayırım belgiler kindik sheshenin’ boyına ta’n qa’siyetlerge uqsap ketse «kindik sheshesine tartqan»-dep salıstırıp aytıladı. Kindik sheshe u’lken hu’rmet ha’m keleshek u’mitler menen baylanıslı halda awıldın’ abraylı, ta’jiriybeli turmıs sırlarına qanıq hayallarınan tan’lap qoyıladı ha’m onı balag’a miyrimli, g’amxor adam sıpatında shan’araqtın’ en’ jaqsı adamı esaplaydı. Ol bosang’an hayalg’a kishipeyillik penen qarap hu’rmet ko’rsetedi., sonın’ menen ol tuwılg’an na’restenin’ birinshi «iyt ko’ylegin» tayınlap kiygiziliwi de da’stu’r bolg’an. Yit ko’ylek jumsaq tawardan etek-jen’i qaytarılmay tigilip jag’asına uzın eki baw tag’ıladı, bul balan’ın’ keleshekte jolı ashıq, o’miri uzaq bolsın degen niyetti bildiredi. Jas bosang’an hayal ayaqqa minip ketkennen keyin kindik sheshe u’yine shaqırıp na’restenin’ bir jasqa deyingi kiyimlerin tayarlap beretug’ın bolg’an. Bul da’stu’r Shıg’ısta erte da’wirlerden baslar xalıqtın’ turmısına sin’ip, u’rp-a’detke aylang’an. Sonday-aq qaraqalpaq xalqının’ shan’araq ta’rbiyasında ayrıqsha orın tutatg’ın da’stu’rlerdin’ biri shillexana.

Perzent o’mirdin’ jalg’ası, shan’araqtın’ quwanıshı, sonlıqtan xalqımızda «Balalı u’y bazar»-dep naqıl aytıladı. Ananın’ jas bosang’an u’yi Shillexana dep atalıp, bul ananın’ aman-esen bosang’annan keyingi «shashıw» beriw ma’nisin o’z ishine alg’an. Tuwg’an-tuwısqanları, jaqın-juwıqları, qon’sı-qobalarınan su’yinshi sorap, olar balag’a, anasına sıy hu’rmet ko’rsetedi. Sol shan’araqtın’ jaqsı adamlarınday bolıp o’siwine tilek bildiriledi. Sonday-aq qaraqalpaq xalqının’ bala ta’rbiyalaw da’stu’rlerinde perzentke isim beriw ayrıqsha a’hmiyetke iye.

Balag’a at qoyıw - shıg’ıs xalıqlarında u’lken saltanat bolıp, na’restenin’ ata-anası sol awıldın’ en’ u’lken aqsaqallarının’ aldınan o’tip «biz aqıllı yaki perzentli boldıq, sog’an awıldın’ en’ jası u’lkeni o’zin’iz balama at qoyıwg’a qanday pikir qosısız», dep ken’es etetug’ın bolg’an. Eger ol ırzashılıg’ın berse awıl jası u’lkenlerin shaqırıp o’zi qulag’ına u’sho’lkemlestiriw ret baqırıp ıqlası menen pa’tiyasın beretug’ın bolg’an. Eger sol awıldan abıraylı ataqlı, izi-jolı o’rnekli

adamnın’ atı jas na’restege qoyılsa, ol adam jıllar boyı sol shan’araqqa, balag’a u’lken hu’rmet penen qarag’an. Perzent tuwılg’an waqıtta qoyılatug’ın at adamg’a o’mirlik boladı. Bug’an ata-babalarımız erte da’wirlerden-aq u’lken itibar menen qarap, jaqsı pazıyletlerine say at qoyıwdı u’rdis etken.

Qaraqalpaq xalqının’ shan’araq ta’rbiyasında perzentti besikke bo’lew da’stu’ri ayrıqsha dıqqatqa miyasar. Qaraqalpaqta «bala besikte bes tu’leydi» degen naqıl bar. Bul naqıl so’z xalıqtın’ eski da’wirlerinde payda bolg’an. A’sirese xalıq da’stanlarında besikke baylanıslı salt da’stu’rler bayanlanıp analar balanı jubatıw ha’m wyıqlatıw ushın besik jırların aytqan. Besikke bo’lew hayallar arasındag’ı, jo’n josag’ın biletug’ın ko’p bala tuwg’an analarg’a ju’klenetug’ın bolg’an. Ko’pshilik jag’dayda jas bosang’an qızının’ anası besik ha’m onın’ barlıq da’skelerin alıp kelip o’zi birinshi bo’lep beredi. Besiktin’ da’skeleriU’ besik jabar ko’rpe, tubek-su’mek, buwdaydın’ kepegi salıng’an qawız, eki tartqı baw ha’m basqaları paydalanılg’an.

Sonday-aq shan’araq ta’rbiyasında qırqınan shıg’arıw bul jan’a tuwılg’an na’reste du’nyag’a kelgennen keyin qırıq ku’n tolg’anda islenetug’ın u’rp-a’detlerdin’ biri. Bul shan’araqtın’ kishkene quwanısh toyı, na’restenin’ buwınlarının’ bekiy baslawı boladı. Na’reste tuwılg’annan son’ onı ha’r ku’ni qırıq ku’n dawamında taza suw menen shomıldırıw, qol-ayaqların keriw, sılaw, may jag’ıw ha’m basqa da u’rp-a’det, da’stu’rlerdi analar u’lkennen kishige o’tkerip u’yretip kiyatır.

Bul tu’rkiy xalıqlardın’ pa’kligin, hadallıg’ın ha’m ruwxıy salamatlıg’ın bildiretug’ın o’zine ta’n ko’rinisleri. Na’resteni qırqınan shıqarar ku’ni basına qırıq qasıq suw quyadı. La’gennin’ ishine qırıq ten’ge salıp keyin onı balalarg’a yaki u’ydegi otırg’anlarg’a u’lestirip beredi. Ja’ne de qırıq ku’nnen keyin na’restenin’ shashı, ayaq-qolının’ tırnaqları alınadı.

Qaraqalpaq xalqının’ shan’araq ta’rbiyasında tusaw kesiw da’stu’ri bala anatomiyalıq, fiziologiyalıq jaqtan jetilisip ju’rgende qon’sılar, jaqın jora-joldaslar jıynalıp tusaw kesiwin o’tkeredi. Bul balanın’ ayag’ın jip baylap jeti-segiz balanı

juwırtıp kim birinshi kelgeni tusaw jipti kesetug'ın boladı ha'm og'an na'restenin' ata-anası sıy hu'rmet ko'rsetip sawg'a inam etedi.

Qaraqalpaq xalqının' shan'araq ta'rbiyası da'stu'rinde balalardı o'z tuwısqanların ha'm ata-ana ta'repten jaqınların tanıp biliwge u'yretiw da'stu'ri de ayrıqsha ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye.

***Bunda:***

*1. A'kesinin' a'kesi-ata,*

*2. A'kesinin' sheshesi-ana,*

*3. Sheshesinin' a'kesi-dayı ata,*

*4. Sheshesinin' anası-dayı ana,*

*5. Tuwısqan qız apası-a'japa,*

*6. Onın' zayıbı-jezde*

*7. Tuwısqan atasının' hayalı-sheshe*

*8. Tuwısqan anasının' sin'lisi-a'japa*

*9. Balasının' balası-aqlıq*

*10. Aqlıg'ının' balası-shawlıq*

*11. Qızının' zayıbı-ku'yew bala*

*12. Balasının' hayalı-kelin, aqlıq kelin, shawlıq kelin* bolıp ta bo'line beredi.

Bunday milliy da'stu'rlerdi biliw xalıqtag'ı a'dep-ikram qag'ıydalarının' talabı bolıp, xalıq pedagogikasının' tuwısqanlıq qatnaslardı sıylasıqlı ta'rtipke salıw usıllarının' biri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq xalqının' da basqa xalıqlar sıyaqlı shan'arag'ının' u'rp-a'det, da'stu'rleri tiykarınan ta'lim-ta'rbiya tarawında ken'nen rawajlanıp ha'm dawam etip kelmekte. Ha'r bir jas zamanago'y ma'deniyat penen ata-babalarımızdan miyras bolıp qalg'an a'diwli milliy da'stu'rlerimizdi de jaqsı ug'ıp, u'yrenip barsa u'lken na'tiyjeler beredi.

Ta'rbiyanı izbe-iz ta'rtipli a'melge asırıwda shan'araq a'hmiyetli rol oynaydı. Xalıq pedagogikasında insan a'debi menen ruwxıy rawajlanıwının' barlıq ta'repi shan'araqta qa'liplesetug'ınlıg'ı ayrıqsha inabatqa alıng'an. Sonın' ushın ko'p

g'ana danıshpanlar shan'araq ta'rbiyasına u'lken itibar berip, o'zlerinin' qımbatlı pikirlerin bildirgen.

Shıg'ıstın' ullı alımı Abu Aliy İbn Sino Orta Aziya xalıqlarının' a'dep-ikramı, minez-qulqı, ju'ris turısı haqqında ken' toqtalıp, tuwrı so'ylew ha'm tuwrı islew, insaplı bolıw, na'psige berilmew, u'lkenlerdi hu'rmet etiw, kishkenenlerge g'amxorlıq na'siyat ha'm ma'sla'ha't beriw kibi payzıyletler shan'araq ta'rbiyasının' tiykarı dep bildiredi. O'z zamanının' jetik bilimdanı bolg'an Abu Rayxan Al Beruniy adamnın' sırtqı ko'rinisi onın' ishki du'nyası menen baylanıstıratug'ınlıg'ı haqqında aytıp, ta'rbiyanın' en' na'zik tamanları shan'araqta a'melge asırılatug'ın tisti juwıw, ko'z ha'm qulaqlardı taza uslaw, su'rme qoyıw, za'ru'r bolsa shashtı boyaw, tırnaqlardı alıw sıyaqlı qa'siyetler salamatlaıtan tısqarı adamnın' shan'araqta go'zzallıqqa qa'liplesiwin pa'kligin payda etedi-deydi. Xalıqtın' shan'araqtag'ı ta'rbiyalıq da'stu'rlerinde jaqsı ta'rbiya alg'an insan en' aldı menen o'zinin' ju'ris-turısı, kishi peyilligi, turmıs keshiriwleri, shan'araqtın' tatıwlıg'ı ha'm basqalarg'a o'zin u'lgi ko'rsetiwi menen ayrıqshalanıp turatug'ınlıg'ı jiyi-jiyi so'z etiledi.

Jas a'wladqa shan'araqta maqsetke muwapıq ta'rbiya beriw ata-analar ta'rbiyanın' wazıypası, maqseti, sha'rt-sharayatları ju'zesinen ha'r ta'repleme ta'jiriybelerge iye bolıwı kerek. Shan'araq ta'rbiyasında xalıq pedagogikasının' erteden qa'liplesken da'stu'rleri isendiriw, tu'sindiriw, na'siyat aytıw jol-joba ko'rsetiw, xoshemtlew eskertiw, jazalaw sıyaqlı usılları ken' qollanıladı. Xalıq da'stu'rlerinde orın alg'an shan'araq ta'rbiyasının' o'zine ta'n ayırım belgileri a'sirese shan'araqta tınıshlıqtın' tatıw qatnas, bir-birewge, ata-anag'a hu'rmet ornatıw, ata-ananın' o'z abırayın saqlawı, balalardı miynetke ta'rbiyalaw, balanı jaqsı ko'riw ha'm hu'rmet etiw, balalardın' jeke ha'm jas o'zgesheligin esapqa alıw, balada erkinlik, o'z betinshilik sıpatlardı payda etiw h.t.b. ba'rqulla dıqqat orayında bolg'an.

Xalqımızda: «Qus uyada ne ko'rse ushqanda sonı ko'redi» degen danalıq ga'p bar. Turmısımızda ko'p ushrasatug'ın balanın' ta'biyatına baha bersek onın' ata-anasındag'ı belgili bir ta'repler menen qosıp bahalaytug'ınımız burınnan son'g'ı

da’stu’r bolıp ketken. Sonlıqtan, jaqsı adamgershilikli pazıyletlerge tolı jaslarg’a «Atan’a raxmet», «ta’rbiya ko’rgen» degen alg’ıs so’zler aytıladı. Bular shan’araq ta’rbiyasının’ sapalı bolg’anlıg’ının’ juwmag’ı bolıp esaplanadı.

Xalıq pedagogikasında ul bala qız bala, tug’ısh bala, genje bala bulardın’ ba’rine ta’n a’dil mu’na’sibette bolıw ta’rbiyanın’ unamlı ta’replerinen biri sıpatında usınıladı. O’z perzentlerine a’jayıp, go’zzal, arzıw etetug’ın da’rejede ta’rbiya beriw imkaniyatına iye bolg’an ata-analar balaların jaqsı ta’rbiyalasa keleshegi jaqsı bolatug’ının aldın ala biliwge erisken.

Sonlıqtan. «Tay o’sse at tınadı, ul o’sse ata tınadı» degen naqıl so’zler tuwılg’an.

Ata-analarımızdın’ ullılıg’ı menen danalıg’ı en’ da’slep usılardan ko’rinedi. Sonın’ ushında «Altın, gu’mistin’ go’nesi bolmas, ata-ananın’ bahası bolmas» dep ha’mme waqıt ata-analar aldında perzenttin’ juwapkershiligin arttırıw kerekligin shan’araqta balanı atag’a hu’rmet etiwge u’yretiw za’ru’rligin tu’sindirgen.

## I.3. Awız eki do’retpeler arqalı jaslarg’a u’rp-a’det ha’m da’stu’rlerdin’ turmıslıq a’hmiyetin ug’ındırıw ma’seleleri.

U’rp-a’det, da’stu’rler belgili da’rejede ta’lim-ta’rbiyalıq mazmung’a iye. Bular ha’r bir xalıqtın’ o’mirindegi jetiskenliklerdi juwmaqlastırıwshı, jan’a a’wladlardı u’lken a’wladlar menen baylanıstırıwshı, eski turmıs ko’rinislerin o’zinde saqlawshı, o’zinin’ tariyzıy atqarıwshılıq xızmeti menen ja’miyettin’ ma’deniy ha’m ruwxıy rawajlanıwına toqtawsız ta’sir etiwshi ku’sho’lkemlestiriw bolıp tabıladı. Onın’ mazmunında xalıqtın’, millettin’, adamlar toparının’ turmıslıq qa’lpin tiklep turatug’ın quramalı ja’miyetlik qatnaslar ja’mlengen. U’rp-a’det da’stu’rler ja’miyetlik ruwxıy o’mirdin’ ha’r bir basqıshındag’ı xalıqlardın’ tariyxıy, ekononmikalıq, sotsiallıq ha’m siyasiy jag’dayların sa’wlelendiriwshi, o’zlerin qorshag’an ortalıqqa qatnasın ta’rtiplestiriwshi ta’sirsen’ ku’sho’lkemlestiriw bolıp esaplanadı. Shınında da xalıqtın’ o’zine ta’n belgiler menen ko’zge taslanıwın, basqa xalıqlar aldında moyınlanıwın sol xalıqtın’ en’ jaqsı u’rp-a’deti, da’stu’rleri menen onın’ xalıq pedagogikasının’ mazmunı

belgilep beredi. Ta'rbiyalıq da'stu'rleri o'zinin' pedagogikalıq mazmunı menen erte da'wirlerden baslap xalıq pedagogikası da'stu'ri sıpatında u'lkendi de, kishini de, ta'rbiyalawdın' tiykarg'ı ko'rinisleri bolıp kelgen. Xalıq massasının' turmıs xızmeti barısında toplag'an ta'rbiya pedagogikasının' mazmunın ko'rsetedi. Demek, xalıq pedagogikası miynetkesh xalıq ha'm xalıq danıshpanlarının' jaslardı zaman talabına muwapıq ta'rbiyalap jetistiriwdegi arzıw-a'rmanlarının' mazmunı ha'm adamlar toparının' ta'lim-ta'rbiya jumısların a'melge asırıwıdag'ı qollanıp kelgen usıl ta'jriybe, ko'nlikpe ha'm ko'zqaraslarının' ja'mlesiwi bolıp tabıladı, yag'nıy xalıq massasının' a'sirler boyı arzıw-eki ta'rizde jaratqan, a'wladtan-a'wladqa o'tip kiyatırg'an ta'rbiya haqqındag'ı pedagogikalıq do'retpelerinin' jıyındısı.

Xalıqtın' yadında saqlanıp kelgen xalıq awızeki do'retpeleri insan o'mirinin' barlıq ta'repin o'zine ja'mlep, onda u'rp-a'det, da'stu'r, ta'rbiya menen adam o'mirinin' barlıq jol-jobaları o'z ko'rinisin tapqan. Sonlıqtan barlıq waqıtta jaslarg'a ta'rbiyalıq ta'sir ko'rsetiwshi xalıq awızeki do'retpeleri o'zinin' bay pedagogikalıq mazmunı menen xalıqtın' tiykarg'ı ta'rbiyalıq quralı bolıp kiyatır. Shınında da folklordın' barlıq janrlarında ayrılmas da'rejede balanı ta'rbiyalaw usılları ha'm tu'rleri qamtılg'an. Xalıq danalıg'ının' miyweleri bolg'an ruwxıy baylıq adamzattın' materiallıq baylıqlardı o'ndiriwi menen ten'dey a'melge asırılıp kelindi. Sonlıqtan da adam balasının' o'mir su'riwi du'nyadan na'r alıwı ushın materiallıq baylıqlar jetkiliksiz. Ruwxıy azıq u'lken ushın da, kishi ushın da, hawa menen suwday za'ru'r. Sebebi, ruwxıy du'nyası jaralı adam ta'biyattag'ı ha'm ja'miyettegi qubılıslarg'a, ha'diyselerge sanalı tu'rde ko'z jetkere almaydı. Materiallıq baylıqlar xalıqqa belgili da'wirge shekem xızmet etse, al ruwxıy baylıqlar adamzat ja'miyetinin' barlıq qatlamları ushın ten' da'rejede a'hmiyetke iye bolıp, awızdan-awızg'a, urpaqtan-urpaqqa o'tip o'zlerinin' pedagogikalıq mazmunın jog'altpaydı.

Qaraqalpaq xalıq pedagogikasının' tiykarg'ı qurallarının' biri xalıq awız eki do'retpesi: xalıq qosıqları, naqıl maqal, ertek, jumbaq ha'm da'stanlar a'sirler boyı

jas a’wlatlardı ta’rbiyalawda ha’m olardı jaqsılıq, miynet etiw, haqıyqatlıq tuwrılıqqa u’yretiwde ten’i tayı joq ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye bolıp kelmekte.

Xalıq awızeki do’retpesi erte da’wirlerden baslap-aq sol xalıqtın’ pedagogikalıq mazmunın o’zinde ja’mlegen, o’tmishtegi aldın’g’ı oy pikirli danıshpanlar da xalıq awız eki do’retpesinin’ ta’jriybelerine a’mel qılg’an. Qaraqalpaq xalıqının’ awızeki do’retpelerinde bayan etilgen an’ız, a’psana, ertek, da’stan ha’m qosıqlar ta’rbiyada u’lken rol oynap, o’zine xalıqtın’ aldındag’ı qatar u’rp-a’dette, da’stu’rlerinin’ mazmunın toplag’an. Bular ertedegi xalıq du’nyag’a ko’zqarası bolıp u’rp-a’det, da’stu’rlerdin’ pedagogikalıq mazmunı sa’wlelendiriwge ken’ jol ashıwg’a erisken. Sebebi, olarda zamannan-zamang’a, atadan-balag’a aytılıp kiyatırg’an xalıqtın’ milliy da’stu’rleri birgelikte bayanlang’an. Qaraqalpaqlardın’ qosıqqa ıqlası olardı jaqsı ko’retug’ınlıg’ı tuwralı mınanday an’ız kelip shıqqan «Kosıq du’nyanı gezip ju’rip bir ku’ni qaraqalpaqlar jurtına miyman boladı. Burın ko’z ko’rip, qulaq estipegen bul miymannın’ kelgeni haqqandag’ı xabar jan-jaqqa tez tarqap, bul baxıtlı awılg’a ko’p qaraqalpaqlar jaynalıd». Xalıq bul a’psananı zawıq penen aytıp yadında saqlap ju’rgen. Bul qaraqalpaqlardın’ a’yyemgi ata-babaları turmısında, qosıq aytıw da’stu’rlerinin’ erteden orın alg’anlıg’ın ko’rsetedi.

Xalıq awızeki do’retpelerinin’ rawajlanıwı ta’lim-ta’rbiyanın’ en’ jetekshi tarawı bolıp jaslardın’ tu’sinigi aqıl sanası ha’m du’nya tanıwına u’lken ta’rbiyalıq ta’sir tiygizedi. Bul jaslarda kewil xoshlılıq, ilxamlılıq, a’dep-ikramlılıq tuyg’ıwların payda etip, ha’r bir aytılg’an qosıq ha’m basqa do’retpeler o’zinin’ qıyın, awır qayg’ısı menen baslansada, kiyninde haqıyqatlıq, tuwrılıq jen’isleri jaslarg’a ku’sh jigeri, o’z eline sadıqlıq, xalıqtın’ u’rp-a’det qag’ıydalarına hu’rmet sezimlerin tuwdıradı.

Qaraqalpaq xalqının’ u’rp-a’det, ırımları tiykarında kelip shıqqan ta’rbiyalıq da’stu’rleri o’zinin’ pedagogikalıq mazmunı menen ajralıp turadı. Mısalı, Besik jırı, Tu’lkishek, Yaramazan, Aytıs, Bet ashar qosıqları erte da’wirlerden beri aytılıp kiyatıg’an xalıq pedagogikasının’ miyrasları bolıp, bularda ata-ananın’ balalar menen mu’na’sibetleri haqqındag’ı danalıqlar sa’wlelenedi. Besik jırın,

Ha'yiw qosıg'ın aytıw da'stu'ri ananın' o'z perzentine quwanısh ha'm su'yenishin poeziya arqalı jetkizetug'ın, estetikalıq ta'rbiya beriwin, baladag'ı adamgershilik mehirdi qa'liplestiriwin payda etiwshi ta'rbiyalıq qubılıslardın' bir ko'rinisi.

Bunda balanın' o'z erkinshe is tutıwı, o'zinin' qa'lewi menen ta'g'dirin belgilewge umtılıwı kerek ekenligin, biraq en' baslısı adamgershilikti umıtıp ketpewi aytıladı. Usı sebepli ullı danıshpan Abu Aliy İbn Sino analardın' ha'yiw qosıg'ının' ta'rbiyalıq a'hmiyetin joqarı bahalap: «Balanın' mehrin qandırıw ushın og'an eki na'rse za'ru'r, birinshisi, balanı a'ste aqırın terbetiw, ekinshisi, onı uyqılatıw ushın a'detke aylang'an ha'yiw aytıw. Usılar arqalı balanın' ta'rbiyası hasıl boladı» degen edi.

Orta Aziya xalıqlarının' ko'p a'sirlik o'miri islam dini baylanıslı. Sonlıqtan Yaramazan qosıg'ı musılman dininin' ta'siri menen payda bolg'an salt da'stu'r aytımlarının' biri bolıp, bul musılmanlardın' oraza ayında, oraza tutıwına baylanıslı oraza haytında aytıladı. Erte da'wirlerde ha'm ha'zirde bunday yaramazan aytıwdı jaslar u'rdis etip ha'r bir u'ydin' o'zine ta'n o'zgesheligin esapqa alıp, yaramazannın' qosıqların do'retetug'ın bolg'an. Bunay sol u'ydegi jaqsı ta'repler su'wretlenilip bulardın' ta'rbiyalıq o'rnekligi ta'riplengen. Geyde jas bo'bek bolsa ol u'yde og'an baxıt, jaqsı keleshek, den sawlıq, tez erjetip azamat bolıwı, onın'da yaramazan aytıp, shawıp ju'riwine tilek bildirilgen:

Mınaw u'ydin' esigi erbenedi,
Yaramazan aytqang'a ne beredi,
Usı u'yde bir jen'gey bar appaq g'ana,
Shay qaltası jarasadı shap-shaq g'ana.

Yaramazan qosıg'ı negizinen xalıq sezimin, xalıqtın' ashıq oy pikirlerin sa'wlelendirip adamlag'a jaqsı niyet, u'mit, isenim ha'm bir-birine mehir-muxabbat tuyg'ıların qa'liplestirip ta'rbiyalaydı. A'sirese onın' pa'tiya beriw bo'liminde «Qoshqarday ug'ıl bersin besigine» degen jaqsı niyetler orın alıp, yaramazannın' pedagogikalıq mazmunın teren'letiw orın alg'an.

Qaraqalpaq xalqının' ta'rbiyalıq da'stu'rlerinin' biri bul bet ashar. Bet ashar awılg'a kelgen jan'a adamdı, (kelinshekti) sol el menen tanıstırıp ondag'ı jaqsı

jamannı, jaqın ha’m alıstı, minez qulqında unamlı ha’m unamsız orınlar bar ten’ qurbıların ha’zil-shını aralstırıp tanıstırıw, usı arqalı jaslardı, a’sirese jan’a shan’araq bolıp atırg’an kelinshekti a’deplilikke sol elge biyemlesiwge ta’rbiyalaw bolıp tabıladı. Bet ashar qosıg’ı kelin kelgende ata babalar da’stu’rine sadıqlıq etip ibratlı so’zler menen xalıq aldında aytıladı:

O, xalayıq, xalayıq
Kelinshek elip qalıptı
Intıg’ısıp qarayıq
G’awırlaspay, shawlaspay
So’zlerge qulaq salayıq
Bolg’ay mına kelinshek
Awılımızg’a ılayıq.
Jaman jeri bolmag’ay
İyilip tu’sken esigin
İlayım qapa qılmag’ay
Qazanda mayı qaynag’ay
Baxıt ku’lip mudamı
To’rinde bo’bek oynag’ay.

Usı bet ashar arqalı da xalıq pedagogikası jas-jubaylardın’ bir wazıypası perzentli bolıp, u’ynin’ to’rinde bo’bektin’ oynap ju’riwi, onın’ ta’rbiyası menen shug’ıllanıp, kleshekte zor azamat bolıp shıg’ıwına jas atan-analardın’ juwapkershilik penen qarawı tiyisli ekenligi eskertilgen.

Jan’a kelgen kelinshek bosag’adan u’yge kirerde bosag’ag’a qolın, son’ man’layın tiygizip iyilip ta’jim etedi. U’ydin’ on’ jag’ına shımıldıq tutılıp awıldın’ kelin-qızları menen shımıldıqta otıradı, sırttan kelgen kishkeneden u’lkenine shekem ha’r biri menen tu’rgelip sa’lemlesedi, bul da’stu’r sol awıldın’ adamların sıylag’anın’ ha’m kelinnin’ o’zinin’ adamgershilikke ta’rbiyalag’anlıg’ının’ belgisi esaplanadı.

Bet ashar qosıg’ı keleshektin’ tu’sken u’y ishi menen sol awıldın’ xalqına, jaqın tuwg’an tuwısqanlarına sa’lemi, tanısıwı esabında bolıp ha’r qosıqtın’

keyninde «og'an berin' bir sa'lem, bug'an berin' bir sa'lem» dep miywe ag'ashına baylang'an shu'berekti joqarı ko'teredi. Kelinshek ha'r bir sa'leminen keyin basın iyip ta'jim etedi.

Bet ashar qosıg'ı xalqımızda erteden qa'liplesken bay pedagogikalıq mazmung'a iye, ta'rbiyalıq ta'siri ku'shli xalıq da'stu'rlerinin' en' shıraylı poetikalıq ta'repi bolıp a'wladtan-a'wladqa o'tip kiyatır. Bet ashar qosıg'ı bul jan'a tu'sken kelin shekke qaratılıp aytılg'anı menen xalıqtın' ba'rine tiyisli bolıp o'zleri jasap atırg'an joqarıda aytıp o'tkenimizdey zamannın' ta'rtibi, adamlardın' minez-qulqı, ata-ananı sıylaw, elge, xalıqqa xızmet etiw, ta'rtip, u'rp-a'detlerge hu'rmet qılıw, sadıq bolıw qusag'an a'dep-ikramlılıq ko'rinislerdi na'siyat termeler menen sheber atqaradı.

Qayın atanın' jumısın
Qıyın deme kelinshek.
Qayın enenin' jumısın
Buyım deme kelinshek.
Tolıq eken aqılı,
Sanası desin kelinshek,
Sanalı qılıp o'sirgen
Anası desin kelinshek
Jumısının' joq sira'
Shalası desin kelinshek
Shalag'ay qılmay jasınan
Sılap sıypap basınan
Ta'rbiyalı jerdin' o'sirgen
Balası desin kelinshek h.b.

Shınında da bet ashar qızlar ta'rbiyasının' shan'araqtag'ı juwmaqlang'an basqıshın, u'yinde qalay jaqsı ta'rbiyalansa o'zi o'zi shan'araq bolg'anda solay qa'liplesetug'ının, ol jaslayınan ata-ananı sıylap olardın' xızmetine taq turıp aqılı tolıq sanalı bolıp jetilisiwin, bul ta'rbiyada qızdın' anası bergen ta'rbiyalıq ta'sirler u'lken ekenligin, shan'araqta jaqsı ta'rbiya bolsa qız kelin bolıp tu'sken jerinde

jaqsı bolatug'ınlıg'ın usı arqalı shan'araqta qızlar ta'rbiyasına a'hmiyet beriliwin, bul onın' o'zinin' shan'araq bolg'anda zor a'hmiyetke iye bolatug'ınlıg'ın xalıq pedagogikasının' esapqa alg'anlıg'ın ko'rsetedi.

Ko'p a'sirler boyı xalıqtın' jaslarg'a ta'rbiyalıq ta'sir ko'rsetiw qurallarının' biri qatarına ertek, jumbaq, naqıl-maqallar kiredi. Xalıq awızeki do'retpesinin' bul ta'rbiyalıq quralları turmıstan, ta'jriybeden, u'lken a'wladlardın' ko'zqaraslarınan tuwılıp, ha'r qıylı zamanlarda jasag'an ata-babalarımızdın' turmıs tirishiligin, ta'lim ta'rbiyasın, u'rp-a'detin o'z ishine aladı. Orta Aziya xalıqları sonın' ishinde qaraqalpaq xalqının' ta'rbiyalıq da'stu'rlerinde ertek a'yyem zamanlardan beri qollanılıp, xalıqtın' turmısına sin'ip ketken jaslar ta'rbiyasının' qudretili quralı. Du'nya ma'deniyatı menen pedagogikasında erte zamanlardan beri jasap kiyatırg'an xalıq ertekleri xalıq do'retpesinin' ku'shin ko'rsetip, bul o'zinin' ren'-ba'ren'ligi menen qaraqalpaq xalıq pedagogikasına da ta'n qubılıslar bolıp tabıladı.

Ja'miyetlik turmısta o'sip kiyatırg'an jas a'wlad u'lken a'wladlardın' ornın iyelep eski a'wladlardın' turmısına sin'ip ketken u'rp-a'det, da'stu'rlerdi ha'reketke keltiriwshi orınbasarı, ta'biyiy ha'm zan'lı ra'wishte ja'miyetlik o'mirden do'retiwshilik, islep shıg'arıwshılıq xızmetin jog'altıp baratırg'an kekse a'wlad orınbasarı aldın'g'ı a'wladlardın' dawamshısı retinde eski a'wladlardın' u'rp-a'det, da'stu'rlerin iyelep aladı. Tariyxtın' o'zi bul a'wladlardın' birinen-birine orın almasıwınan ibarat.

U'rp-a'det, da'stu'rler tosınnan yaki o'z-o'zinen payda bolmaydı, olardı ja'miyetlik mu'na'sibetler ha'm ma'deniy turmıstın' rawajlanıwı tiykarında adamlardın' joqarı morallıq turmıs sharayatları keltirip shıg'aradı. Eski a'wladlardan ta'rbiyag'a ta'n bolg'an da'stu'rler miyras bolıp, bular xalıqlıq ta'rbiyanın' a'hmiyetli tarawları menen baylanısadı. Sonın' ushın onı jaslardı ta'rbiyalaw menen baylanıslı bolg'an belgili da'rejedegi ko'zqaras, usıllar jıynag'ı dep tanıwımız lazım. Bular a'wladtan-a'wladqa o'tiw jolı menen ta'rbiyalıq da'stu'rlerge aylanıp qaladı, u'rp-a'det, da'stu'rler a'wladtan-a'wladqa o'tiw menen rawajlanıw qubılısına iye. Olar tirishilik ha'm islep shıg'arıw barısında turmıslıq za'ru'riyatlar tiykarında ju'zege keldi. Ha'r bir da'wirdin' o'zine ta'n

bolg’an ja’miyetlik tariyxıy sharayatı ta’rbiyalıq da’stu’rlerdin’ mazmunına belgili da’rejede o’zgerisler kirgizip otırdı.

Ha’r bir xalıqtın’ ja’miyetlik turmısında, o’mir keshiriw sharayatında sol xalıqtın’ o’zine ta’n bolg’an ha’r qıylı u’rp-a’det, da’stu’rleri mazmunlasıp, jetilisip baradı. Xalıq pedagogikası ta’rbiyalıq da’stu’rlerdin’ ja’miyetlik turmıstag’ı ta’sirshen’ ku’shin ha’mme waqıt jaqsı bahalap otıradı. Sebebi ruwxıy ma’deniyat, ta’lim-ta’rbiya ha’m basqada rawajlanıwdvn’ barısı usı tarawlarg’a tiyisli bolg’an da’stu’rler menen tikkeley baylanısadı.

U’rp-a’det, da’stu’rlerde tariyxıy ko’rinisler sa’wlelenilip, belgili bir sharayatlar menen ju’zege kelgen da’stu’rlerdin’ bazı biri jog’alıp ketiwi yaki xalıq danalıg’ında saqlanıwı mu’mkin. Sonlıqtan u’rp-a’det, da’stu’rler tariyxıy ko’riniske iye. Sebebi klasslıq ja’miyetke shekemgi a’yyemgi da’wirde awızeki xalıq do’retpesi ruwxıy ma’deniyattın’, usının’ ishinde pedagogikalıq ma’deniyattın’da tiykarg’ı tu’ri bolıp keldi. Usı sebepli qa’wimlik ja’miyette ta’rbiyag’a baylanıslı u’rp-a’det, da’stu’rlerde ereseklerdin’ balalarg’a ta’rbiyalıq ta’sir etiwi bir qıylı ha’m ulıwma ha’mmege ta’n boldı. Usıg’an bola xalıq tu’sinigi klasslıq ja’miyettin’ payda bolıwı menen a’melge asqanına qaramay, bunı sha’rtli tu’rde xalıq pedagogikası dep ataw mu’mkin. Shınında da jamaylıq du’zim tusında qa’wim, ruwlıq endogomiya o’lshem bolıwshılıqtan qaldı. Etnikalıq birlespeler xalıq payda boldı. Xalıqtın’ payda bolıwı aymaq, til, ma’deniyat birligin, xalıqtın’ ta’lim-ta’rbiyalıq da’stu’rin, xalıq pedagogikasının’ qa’liplesiwin payda etti.

Ha’r bir xalıqtın’ u’rp-a’det, da’stu’rlerinin’ payda bolıwı, sol xalıqtın’ milliy kelbetinen ma’deniy da’rejesinen, turmıs sharayatınan, tariyxıy da’wirinen g’a’rezsizlikten tuwılıp og’an ja’miyettin’ barlıq ag’zaları a’mel qılıp barıwı sha’rttey sanaladı. Mısalı, erte da’wirdegi ta’rtip, intizam, minnetti sho’lkemlestiriw usılları ha’m qarım-qatnas da’stu’rlerdin’ ku’shi menen saqlanıp kelingen. Demek u’rp-a’det, da’stu’rler erte da’wirlerden baslap-aq ja’miyetlik ta’rtipti, a’dep-ikramlılıqtı saqlawshı birden bir ku’sho’lkemlestiriw bolıp kelgen.

Solay etip u’rp-a’det, da’stu’rler adamlardın’ turmıs ta’jiriybesinen na’tiyjesi bolıp, xalıqtın’ tariyxıy rawajlanıwınan ha’m islep shıg’arıw mu’na’sibetleri

tiykarında payda bolg'an. Miynetkesh xalıq massasınan miyneti ha'm turmısı barısında toplang'an ta'jiriybesi, olardın' dana pikir ha'm tu'sinikleri xalıq danıshpanlıg'ının' u'lgileri bolıp, olar da'stu'r, u'rp-a'detlerdi payda etti, ha'mde a'wladtan-a'wladqa o'tiw jolı menen rawajlanıp, turmısta o'z ornına iye bolg'an.

Biz ertedegi ta'lim-ta'rbiyalıq da'stu'rlerdi paydalanıw arqalı jaslardı milliy qa'diriyatlarımız tiykarında ta'rbiyalap shıg'arıwg'a durıs jol taba alamız. Jas a'wladtı ta'rbiyalaw menen baylanıslı bolg'an milliy qa'diriyatlarımız ata-babalarımızdın' ko'zqarasları, usılları da'wirler ag'ımı menen a'wladtan-a'wladqa o'tip ta'rbiyalıq da'stu'rlerge aylanıp qalg'an. Ta'rbiyalıq da'stu'rlerdi o'zi jan'a a'wladlarg'a o'zinen aldıng'ılardın' qalay jasawı, miynet etiwi kerek ekenine jol-joba ko'rinislerin ashıp beretug'ın bag'darlama bolıp tabıladı.

A'yyemgi da'wirden-aq tsivilizatsiya orayının' biri bolg'an Orta Aziya o'zinin' tariyxıy-ma'deniy ha'm u'rp-a'deti da'stu'rleri menen du'nya ma'deniyatına salmaqlı u'les qosqan ja'ne ko'p g'ana danıshpan oyshıllardı du'nyag'a keltirgen kiyeli u'lke esaplanadı. Bul ma'kanda jasap o'mir su'rgen Ruwdaki, Ferdawsi, Beruniy, İbn Sino, Yusuf Ha Hajib, Nawayı, Maqtımqulı, Abay, Berdaq ha'm basqalar o'zlerinin' ta'lim ta'rbiyalıq ko'zqaraslarında xalıqlıq u'rp-a'det, da'stu'rlerdi teren' u'yrenip o'zlestiriwi na'tiyjesinde, adamdı qanday ta'rbiya jolları menen baxıtqa eristiriw mu'mkinshiliklerin izlestirgen ha'm shıg'ıs xalıq pedagogikasınan ta'n xalıqtın' u'rp-a'detleri menen baylanısqan ta'lim-ta'rbiyalıq oylardı rawajlandırg'an.

Adamzat turmısının' payda bolıw, rawajlanıw ha'm jasaw nızamlıqların o'z ishine alatug'ın insannın' sotsiallıq mazmunı shan'araq ta'rbiya ha'm u'rp-a'det, da'stu'rler da'wirden da'wirge adamlardın' a'dep-ikramlılıq qa'siyetlerin, turmıs go'zzallıg'ın, minez-qulıq ra'n'-ba'ren'ligin payda etip keldi.

Ha'r bir jan'a a'wlad o'mirge kelgende onın' sanasında da'stu'r, u'rp-a'det, ko'zqaraslar da'rxal payda bola qoymaydı, sonlıqtan olar o'zine aldıng'ılardın' qalay jasap, o'mir su'riw kerekligi haqqındag'ı turmıslıq ta'jiriybelerin mengerip baradı. Ja'miyetlik pormatsiyalardın' almasıwı menen payda bolg'an ruwxıy

sanada orın alg'an o'zgerisler ha'r bir basqıshta o'zine ta'n ko'rinislerdi payda etip ta'rbiyalıq oy pikirlerdi jetilistirip baradı.

Ertedegi a'wladlar ele ma'mleketlik sho'lkemlerdi jeke menshik formasın bilmegen waqıtları o'z qa'wim ruwında ja'miyetlik o'mir ha'm turmıs tuwralı ko'plegen ma'selelerdi sheshiwde o'zlerine burınnan belgili ta'rtip, u'rp-a'detlerdi qollanıp, bular waqıttın' o'tiwi menen sol qa'wim yaki ruwdın' da'stu'rine aylanıp otırg'an.

Jasaw ushın miynet etiwge umtılıw qa'wimlik adamlar turmısın ta'rtiplestiriwge, jaslardın' eliklewshilik minez qulqın qa'liplestiriwge, basqalardın' is-ha'reketin ta'krarlawshılıqqa qusag'an mazmunlı ko'rinislerdi payda etti. A'yyemgi qa'wimlik ja'miyette jaslardın' turmıslıq bilim alıw deregi miynet bolıp, usı arqalı ta'biyattı, a'traptı biliw, salıstırıw, baylanıstırıw usag'an ug'ımlardı payda etti. Jaslardın' kishi waqıtlardan eresek adamlar menen birge ju'riwi ert da'wirlerden turmıs haqqında haqıyqıy tu'sinik alıwg'a alıp keldi.

Ta'rbiyalıq da'stu'rlerdin' ja'nede mazmunlasıwına ko'p jag'ınan adamlar toparının' otırg'ıshı turmıs keshire baslawı ayrıqsha a'hmiyetli boldı. Otırıqlı bola baslawshılıq xalıqtın' ruwxıy turmısına u'lken o'zgerisler alıp kele basladı. A'sirese, balalar ta'rbiyası, erler menen hayallar miyneti turmısta jetekshi ku'shke aylandı. So'z etip otırg'an qa'wimlik da'wirde hayallar xojalıq jumısı, awqat tayarlaw, ma'kan jaydı ta'rtiplestiriw, jıynap teriwshilik, jumısları menen shug'ıllanıp bular ku'ndelikli turmıslıq a'detke aylandı. Ko'shpeli turmıstan otırıqshı ma'kang'a iye bolıw adamlarda ko'zqaras birligin, qarım-qatnas normaların ha'm jan'a salt-da'stu'rlerdi payda ete basladı.

A'sirese, balalardın' miynet etiwi, o'ner u'yreniwi, oyın oynawı ta'rbiyanın' ertedegi tun'g'ısh ko'rinislerinen bolıp, bular ha'r bir u'lke adamlarının' turmıs talabına muwapıq do'retildi. Oyın jaslarda batırlıq, shaqqanlıq, isenim, ha'm basqa sıpatlardı rawjlandırıp, kewil ko'terin'kilikti, qızıg'ıwshılıqtı, taza oy-pikirlerdi payda etip otırdı. Ko'pshilikti ja'mleytug'ın oyın bir-birewdi quwatlaw ta'rtip, jaqsı jamandı seziw qusag'an adamgershilik qa'siyetlerdin' jetilisiwine, balalar menen eresek adamlardın' pikir du'nyasın baylanıstırıwda u'lken a'hmiyetke iye

boldı. Balalardın’ da’stu’riy oyınına aylang’an «A’welemen-duwelemen» ertedegi sanaw, esaplaw, anıqlaw aqıl sananı rawajlandırıw qusag’an a’yyemgi da’wir turmısına baylanıslı do’relgeni seziledi. Ta’biyat ha’m ja’miyettin’ mazmunlı o’zlestiriliwi menen adamshılıq turmıs, ta’lim ta’rbiyada rawajlanıp jetilisip bardı.

Xojalıq turmısının’ ju’zege keliwi jaslar ta’rbiyasında juwapkershilik, adamgershilik sıpatlardı ja’nede mazmunlastırdı. Qa’wimlik turmıstag’ı ha’mmege ortaq ta’sir ko’rsetiw usıllarının’ ornına jan’a da’stu’rler en’gizildi. A’yyemgi obshinalıq du’zim jınısıy jaqtan ta’rtipsiz jasaw da’wiri edi, balalar, hayallar ha’m erler uzaq ku’nge du’zde ju’riw ha’m jasaw a’detlerine u’yrenip ketken. Ma’selen, analıq urıwı da’wirinde atanın’ kim ekenin anıq biliw imkaniyatı bolmag’anlıqtan balanın’ na’siline ana ta’repten qaraytug’ın bolg’an. Endi erli zayıplı xojalıqlardın’ ju’zege keliwi jan’a da’stu’rlerge keliwi tiykarlang’an ata-ana, tuwg’an-tuwısqan bala shag’a birikpesinen ibarat shan’araqtı payda etip bul insaniyat turmısının’ aldına jan’a jol ashtı. Erler menen hayallar ortasında adamgershilikli muhabbat qatnasıqların bir-birin sıylaw, bir-biri menen doslasıw, bir-birin tan’law da’stu’rlerin payda etti.

A’yyemgi saq-massaget qa’wimlerinen saqlanıp kelgen shan’araq qurıwdag’ı qızdın’ o’zine pikir bildirgen jigitine sha’rt qoyıw da’stu’rleri ju’zege keldi. Bunday, jaslardın’ o’rnek alıwı ushın ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye da’stu’rleri qaraqalpaq xalqının’ Alpamıs da’stanında ken’nen sa’wlelenileди. Mısalı: da’wirler asa izi saqlanıp kiyatırg’an Alpamıs da’stanındag’ı u’yleniw da’stu’ri Barshınnın’ o’z basın at bayraqqa tigiwi ha’m usı sha’rtti jigittin’ orınlawı sonda g’ana qızdın’ jen’gen jigitke turmısqa shıg’atug’ınlıg’ı, onın’ o’zine jarasatug’ın adam tabıwg’a talaplanıwı bolıp tabıladı.

«Qırıq ku’nshilik jollarg’a,
At jibersin bayraqqa,
Jalg’ız nashar basımdı,
At bayraqqa tigeyin,»-dep juwap bergen.

Bul jigittin’ jetiskenin, piskenin, miynetke, qıyınshılıqqa qatqanın, turmıstı men’geriw uqıplılıg’ına eriskenin bildiriw menen birge o’zinin’ ashıq bolg’an qalın’lıg’ına haqıyqat hadal muhabbatın da sa’wlelendiredi.

Xalıq tariytı do’retedi, aldın’g’ı da’stu’r, u’rp-a’det, ma’deniyattı jaratadı. Biz tariyxqa na’zer salsaq qansha ma’mleketler payda bolg’anın, keyin jog’alg’anın, bir hu’kimdardın’ ornına ekinshisi hu’kimlik su’rgenin, usınday ja’miyetlik ag’ımnın’ ku’shli tolqını insan turmısın ha’r qıylı jag’daylarg’a tu’sirip kelgenin biz jaqsı bilemiz.

Orta Aziya basqa xalıqlar sıyaqlı qaraqalpaq xalqının’ da ata-babaları b.e.sh. bir mın’ınshı jıllarda jasag’an yarım ko’shpeli, yarım otırıqlı a’yyemgi sak-massagetler menen tutasatug’ınlıg’ın tariyx da’lillegen.

Sak-massagetler b.e.sh. 7-6 a’sirlerde qulshılıq da’wirinde A’miwda’rya menen Sırda’rya aralıg’ında jasap diyxanshılıq, sharwashılıq ha’m o’nermentshilik ka’sipleri menen shug’ıllang’an. Massagetler jaslardın’ u’rp-a’det, da’stu’rlerdi durıs orınlawına u’lken itibar menen qarap doslıqtı tuwısqanlıq da’rejede ta’n alıp otırdı. Qaraqalpaq xalqının’ u’rp-a’det, da’stu’rleri usı erte da’wirdegi adamshılıq ja’miyettin’ qa’liplesiw barısındag’ı sak-massagetlerdin’ turmıs ko’rinisleri menen ushlasadı. Mısalı: qaraqalpaq xalqının’ «Qırıqız» da’stanı sol eski ata-babalardın’ qalg’an ta’rbiyalıq da’stu’rleri bu’gingi ku’nde de o’z babalarımızdan qalg’an ta’rbiyalıq da’stu’rleri bu’gingi ku’nde o’z a’hmiyetin joyıtqan joq.

Qaraqalpaq xalqının’ ta’rmıs da’stu’rlerine ta’n bolg’an «Ko’k ko’ylek» jag’asınan etegine shekem kestelengen nag’ıs penen tolıp bul «sawıt nag’ıs» dep ataladı. Bul a’yyemgi massagetler qa’wiminin’ hayal patshası-tumaris kiygen sawıt nag’ıslı kiyimnin’ u’lgisi bolıp kelingenligin da’llilleydi. Bizin’ eramızdın’ baslarında topıraq qala esteliklerinen tabılg’an mag’lıwmatlardan usı uzaq da’wirdegi qurılıs jumıslarına qaraqalpaqlardın’ ata-babaları da qatnasqanı, onda qaraqalpaq xalqının’ milliy da’stu’rlerine ta’n belgiler ushrasqanı ko’rinedi. Ma’selen, qaraqalpaqlar jaslarg’a gerbish quydırg’anda o’zleri quyg’an gerbishlerge o’z uruwlarının’ belgisin salıwdı talap etip, bunı da’stu’rge

aylandırg’anBul a’zelden ko’p uruw birikpesinen ibarat xalıqtın’ ertedegi u’rp-a’detine ta’n ko’rinisi bolsa, al Topıraq qaladag’ı saray diywallarındag’ı salıng’an nag’ıslar ha’zirgi ku’ndegi qaraqalpaqlardın’ arsha-sandıq ha’m kiyimlerine salatug’ın nag’ıslarg’a sa’ykeslengen menen dawam etip kiyatırg’anlıg’ın ko’remiz. Bul da’stu’rler qaraqalpaq jasların o’nerge u’yretiw ha’m ta’rbiyalawdın’ elege shekem turmısta u’lken orın tutatug’ınlıg’ın ko’rsetedi.

Qaraqalpaq xalqı o’zinin’ ko’rkem o’neri menen de ayrıqsha ko’zge tu’sip, olardın’ belgili da’rejede du’nya elleri menen qatnasıqlarının’ izi saqlang’an. Aral jag’aları tariyxqa belgili «ullı jipek jolı» boyında bolıp, qaraqalpaq xalqının’ a’yyemgi ata-babaları a’sirler dawamında jaratqan ma’deniy miyrasları menen ko’rkem o’ner da’stu’rleri mudamı jan’arıp, o’zine ta’n ayrıqshalıqları menen ta’kirarlanbas belgilerge iye boldı. Bu’ginge deyin-saqlanıp kelgen milliy miyraslarımızdan biz, jaslardı ko’ylek tigiw o’nerine u’yretkende burıng’ı da’stu’rlerdi dawam ettiriw baslı maqset bolg’anlıg’ın, olardı da’stu’rge u’rp-a’detke sadıq ta’rbiyalaw kerekligin na’zerde tutqanlıg’ın bayqaymız. Bular arqalı a’yyemgi ha’m Orta a’sirlerde jasag’an oraylıq Aziya xalıqları menen qaraqalpaqlardın’ ata-babalarının’ ha’r tu’rli qatnasıqlarg’a iye bolg’anın sezemiz.

Tawsılmas sır ha’m waqıyalarg’a tolı adamzat du’nyasındag’ı haqıyqatlıqtı biliwge ha’m jariya qılıwg’a umtılıp kiyatırg’an. İnsan bulardı tu’rli an’ız, a’psana, rawayatlar menen tu’sindirip kiyatırg’anı ma’lim. Erte da’wirlerde ta’rbiyalıq da’stu’rge aa’lang’an diniy rawayatlar ha’r qıylı ta’biyiy qubılısları menen tıg’ız baylanıslı boldı. Ta’biyat ha’m ja’miyet ha’diyselerine ta’sir etiwshi ta’rbiyalıq ku’shke iye rawayatlar bul tek diniy ko’zqaras bolıp qalmay ilmiy ko’rinisi belgilerine iye.

***Rawayat ta'biyat ha'diyseleri menen ja'miyetlik turmıstı ko'rkem sa'wlelendiriwshi eki tu'rli ko'rinisti beredi:***

*-Birinshi, ko'rkem tu'rde ha'r qanday isenim, u'rp-a'det, arzıw niyet, a'dep-ikram, minez-qulıq, ta'rtip intizamdı o'zine ja'mleydi.*

*- Ekinshiden, ta'biyat penen insan ortasındag'ı haqıyqatlıqtı, diniy ku'shke isenimdi, adam oyının' qudretin tu'sindiredi.*

Orta Aziya xalıqlarının' uruwlıq, qulshılıq du'zimi tusında o'zlerinin' ta'lim-ta'rbiyası menen u'rp-a'det, da'stu'rlerin zoroastrimzi dini menen baylanıslı alıp barg'anı ma'lim. Qaraqalpaq xalqının' ta'rbiyalıq da'stu'rlerinin' negizi a'yyemgi sak massagetlerdin' u'rp-a'detinde diniy isnimi quyashg'a, otqa sıyınıw da'stu'rleri orın alg'an edi. İnsan ta'rtibi, a'dep-ikram ha'm minez-qulqın saqlap turıwshı diniy, u'rp-a'det da'stu'rleri a'yyemgi da'wirlerden-aq ta'rbiyalıq bag'darda tu'sindirilip, b.e.sh. u'sho'lkemlestiriw mın'ınshı jıldan b.e u'shinshi a'sirine shekem zoroastrizm dini Orta Aziya xalıqlarının' ja'miyetlik ruwxıy o'mirine, u'lken ta'sir etiwshi ku'sho'lkemlestiriw boldı.

Ertedegi ata-babalarımız o'zlerinshe turmıs ta'jriybelerine baqlaw ju'rgizip, ta'jriybeli adamlardın' ga'plerin esitip, atqanların yad etip ta'biyat ag'zaları ay, ku'n, juldız, suwdı hu'rmet etip olar arqalı o'zlerinin' ku'ndelikli turmısın gu'zetip otırg'an. Ma'selen, quyashtın' batıwı menen erten'gi ku'nge jumısqa bag'dar alıw, juldızg'a qarap jol ju'riw ha'r bir taza aydın' tutıwı menen hawa rayının' barısın biliw, haywan atları menen jıl esaplaw, perzent tuwılıw menen juldızına jılına baylanıslı balalardın' psixologiyasın, minez-qulqın biliw, ta'g'dirin boljaw da'stu'rleri turmısta belgili orın ala basladı. Usıg'an baylanıslı tan' atıp ku'n shıqqanda, jan'a ay tuwg'anda iyilip sa'lem beriw, sıyınıw ha'm basqada da'stu'rler payda boldı. A'yyemgi sak-massaget qa'wimlerinin' turmısı, u'rp-a'deti ta'rbiyalıq da'stu'rleri Orta a'sirde ma'mleket bolıp jasag'an tu'rk xalıqlarının' turmısında ken'nen qollanıldı ha'm

jetilisip bardı. Tu’rk xalıqlarının’ u’rp-a’detinde a’yyemgi adamlar turmısına ta’n, quyashqa sıyınıw da’stu’rleri-ta’n’iri dep esaplanıp, insannın’ payda bolıw da’regi ma’ninde tu’sindiriledi.

Jaslarg’a diniy an’ız, a’psana, rawayatlar boyınsha ta’rbiya berip ta’n’iri ullı ku’shke iye ekenine isenim jaratadı. Xalıqtın’ tek quday, ana-jer aldında a’zzi ekenligin, eger usıg’an sıyınıp ha’reket etse barlıq na’rseni jen’edi, ta’n’iri insannın’ barlıq isne aralasıp ju’redi, jarılqayman dese, do’retemen dese nege bolsada ku’shi jetedi, dep jaslardı qudayg’a sıyınıw da’stu’rlerine ta’rbiyalaydı

Perzenttin’ tuwılıwı tu’rk xalıqlarında ullı baxıt esaplanıp, onı jaqsı ta’rbiyalaw ha’r bir adamnın’ tiykarg’ı parızı esaplang’an. Ata-babalardın’ a’zelden perzenttin aqıllı, bilimli etip jetilistiriw baslı maqseti bolg’an, sebebi turmısta aqıllı, bilimli adamlardı joqarı da’rejede sıylaw, olardın’ danqına estelikler ornatıw da’stu’rleri payda boldı. Jaslardı arnawlı oqıtıp u’retiwde mug’allim-ta’rbiyashının’ ustazlıq da’stu’rin joqarı bahalap bulardı bilimli, ta’rbiyalı, elge u’lgi ko’rsetetug’ın tulg’a retinde hu’rmet etip sıylang’an.

Jetinshi a’sirlerde payda bolg’an du’nyadag’ı en’ iri dinlerdin’ biri islam dini Orta Aziya xalıqlarının’ turmısın, u’rp-a’det, da’stu’rlerin, o’mir jolların o’z ishine qamıtıwg’a umtıldı. Dinler (zoroastrizm, islam) bir ta’repten diniy mazmundı jetilistirse, ekinshi ta’repten ta’lim-ta’rbiyalıq u’rp-a’detlerdi, da’stu’rlerdi de rawajlandırdı. Din xalıq pedagogikasının’ ta’rbiya tarawındag’ı u’rp-a’det, da’stu’rlerdin’ tiykarg’ı bag’darlawshısı esaplanılıp, ko’pshilik jag’dayda ta’rbiyalıq bag’darda is alıp barg’anlıg’ı ma’lim. Ta’rbiyalıq u’rp-a’detlerdin’ minnetli bolıp barıwında ha’m olardın’ da’stu’rge aylanıp rawajlanıwında u’lken ku’sh esaplanıldı. Orta Aziyada du’nyag’a belgili alım ulamalar, ta’rbiyashı ustazlar islam dini ta’siri menen jasap o’zlerinin’ talantın, qızmetin o’z elinin’ tariyxı u’rp-a’detlerin du’nyag’a tanıtıwg’a jumsadı. Adamzat arzıw etetug’ın adamgershilik ko’rinislerdi boylarına ja’mlep, zulımlıq, urıs, ten’sizlikke qarsı miynet, tınıshlıq, baxıttı iyelewge ta’rbiyalawdı baslı wazıypa dep biledi.

Tu'rk xalıqlarına jetistirip shıqqan ullı ilim iyeleri Beruniy, Axmed Yassauiy, Ulıg'bek, İmam Buxariy ha'm basqada du'nyag'a belgili alımlar jas a'wladtı ta'rbiyalawda o'zlerinin' ko'zqarası, ju'ris-turısı ha'm ta'lim-ta'rbiyasının' tiykarın islam dini da'stu'rlerinen Muxammed Payg'ambar ha'diyslerinen alıp otırdı. Mawaraunnxrda jaslardın' ruwxıy qa'liplesiwine tiykar bolg'an adamlardın' turmıs qa'lpin ha'm isenimin payda etken isalm dini u'rp-a'detleri menen ta'rbiyalıq da'stu'rleri mın' jıllar boyı dawam etip kiyatırg'anı ma'lim. Bular ha'zirgi ku'nde o'z qunlılıg'ına iye. A'sirese Muhammed payg'ambar ha'dislerinde ilimdi «insan shırag'ı» dep, qaysı da'wir bolsa da ilim-pa'n adamnın' baxıtlı, saw-salamat jasawına sha'rt-sharayatlar jaratıwshı, alg'a qoyg'an maqsetlerin a'melge asırıwshı usılı, ilajı dep bahalanadı. Sonlıqtan islam dini ta'liymatları jaslardı ta'rbiyalaw da'stu'rlerin de o'z o'z ishine alıp kelgenligi ma'lim.

Muxammed alaixissalamnın': «İlim iyelen', ilim sahrada dostın', o'mir jolında su'yenishinin', jeke waqtında joldasın' baxıtlı ku'ninde basshın', qıynalg'an waqtın'da ma'detkarın' adamlar arasında abırayın', dushpanlarg'a qarsı quralın'» dep jaslardın' ilim, o'ner iyelewin tek o'zi ushın emes, al xalqı ushın islegen xızmeti dep esaplaydı.

Orta a'sirlerde tu'rk xalıqlarının' tilinde jazılg'an etikalıq-pedagogikalıq shıg'armalar jazıw da'stu'ri tarala basladı. XI a'sirde jasag'an oyshıl shayır Yusif Xos Xojibtin' «Qutadgu bilik», (Baxıtqa baslawshı bilim) shıg'arması sol da'wirdegi tu'rk tilles xalıqlardın' du'nyalıq ko'lemdegi jazılg'an iri milliy miyraslarının' biri boldı. Bunda xalıqtın' ta'rbiyalıq u'rp-a'det, da'stu'rleri dawam ettiriledi ha'm jeke avtor ta'repinen bul da'stu'rler jan'alanıp ma'lim da'rejede tolıqtırılıp barıladı. Adamg'a bilimnin' za'ru'rligi, turmıslıq ma'nisi, du'nyag'a ko'zqarası ha'm insan pazıyletleri haqqındag'ı danalıq na'siyatlar menen birge ul menen qızdın' ta'rbiyası, bala menen ata-ananın' qarım-qatnaslarına baylanıslı da'stu'rler so'z etiledi. Ul-qızg'a bilim ha'm a'dep u'yret, sonda eki du'nya onıki, onın' ma'pi jetkilikli boladı,-dep jaslarg'a bilim

u'yretiw da'stu'rin dawam ettiiriwdi aytadı. Shayır perzent ta'rbiyasında ata-ananın' juwapkerligi ku'shli ekenligin na'zerde tuta otırıp, eger balanı adamgershilikke, a'dep-ikramlıqqa u'yretse keleshekte jaqsı u'mit ku'tiwine boladı, eger a'ke o'z balasın aqıllı bekkem, erikli etip ta'rbiyalamaqshı bolsa, bunın' ilajı sol, onı ba'rqulla baqlap, o'tken islerine ko'zqulaq bolıp turıwı kerek dep tu'sindiredi. Bilim-bala ushın baxıttın' gilti, sonın' ushın xalıq jaslar ilimge qızıqsın dep ha'mme waqıt bilimli adamlardı qollap-quwatlaw da'stu'rin payd aetken. Shayır bul haqqında:

Bilimsizlik bir apatqa jolıg'ar,
Bilimlilik jasqa qaray tolıg'ar,
To'r, esiktin' parqın bilmes ilimsiz
Payına tiyse to'rdi bılg'ar bilimsiz,
Eger esikten orın tiyse danag'a,
Ha'mme jıynaladı tap sol ka'rag'a,
Bulardın' birinshi sebebi ilim,
Joqarı o'rleter ba'rhama bilim.

-dep bilim baha jetpes g'a'ziyne, du'nyadag'ı jaqsılıqtın' ba'ri bilim menen keledi dep, adamlardın' ilimli, aqıllı bolıp ta'rbiyalanıwı ilim isleniw arqalı a'melge asıratug'ının aqıl, ilim u'yreniwde jas ayırmashılıg'ı da a'hmiyetke iye ekenligin tu'sindirgen.

Qaraxaniyler da'wirindegi ataqlı oyshıl shayır Axmed Yugnaqiy xalıqtın' o'z jasların ta'rbiyalap, uslap tutıw da'stu'rleri jo'ninde «Xibatul-haqayıq» (Haqıyqatlıq sıylı) atlı kitabında ko'p g'ana pikirler bayanlag'an. Adamlarg'a ibrat ta'lim bo'riwshi, a'deplilikke shaqırıwshı bul kitap jaslardın' insanıylıq pazıyletlerge qa'liplesip shıg'ıwında ko'p g'ana a'dep-ikramlıq da'stu'rlerdi dawam ettirip rawajlandırg'an. Axmed Yugnakiydin' bul shıg'armasında ilim-bilimdi iyelew en' aldı menen jarlı-jaqıbaylar ushın a'hmiyetli ekenligi aytıladı. Onın' du'nyag'a ko'qarası, ta'rbiyalıq u'rp-a'det ha'm insanıylıq qarım-qatnas da'stu'rin qollap quwatlaw ideyası to'mendegi qatarlardan da ko'rinedi.

«Ha'kimshiliklerdin' minezi jumsaq, haq kewil eken dep isenip qalman', olardan ha'r waq awlaq ju'riw kerek, sebebei olardın' qolında sheksiz biylik bar, geyde ha'dden tıs ha'zilkeshliktin' o'zi onın' basına jetiwi mu'mkin, paydasız daw-ja'njel menen ha'zilden awlaq bol».

Axmed Yugankiydin' pedagogikalıq oy-pikirlerinde xalıq pedagogikasına ta'n adamgershilik qa'siyetler, minez-qulıq normaları menen qayg'ılardın' gumanistlik ko'rinisleri sa'wlelengen. Bul da'wirde Axmed Yugnakiydin' «Xibbatul haqayıq, Yusup Has Xajıbtın' «Kutadg'u bilig», Qayqabustın' «Qabusnama», Fardiddin Attardın' «Pa'ndinama» shıg'armaları o'zine ta'n pedagogikalıq u'rp-a'det, da'stu'rlerdi bayan etiwi menen ayrıqshalanıp turıldı.

Ja'miyettin' toqtawsız rawajlanıwı barısında ko'p a'sirlik sınawlarg'a shıdam bergen xalıq pedagogikasının' hasıl baylıg'ı bolg'an u'rp-a'det, da'stu'rler diniy, ilimiy ha'm ta'biyiy tiykarlarda qa'liplesip, ta'rbiyanın' qudretli quralına aylanadı. Xalıqtın' diniy ta'rbiyalıq da'stu'rleri erte da'wirlerden-aq adamlardın' sanasına, turmısına ha'm minez-qulqına ku'shli ta'sir etip, turmısta u'lken orın iyeleydi. Mısalı, barlıq dinlerde, perzent tuwılg'anda onı quday talla o'z ırısqı nesiybesi menen jaratatug'ınlıg'ı aytıladı ha'm qandayda ilahiyda ku'sho'lkemlestiriw bar ekenligi, adam onın' aldında a'zelligi, insannın' eki perishte bolıp, biri jaqsılıg'ın'dı ekinshisi jaman ta'repin'di jazıp otıratug'ınlıg'ı ha'm basqa da isenim, tu'sinikler a'wladtan a'wladqa o'tip ha'r qıylı da'stu'rlerdi payda etken. Haqıyqatında da adam ushın isenimnin' za'ru'rligi ilimde de, dinde de maqullanadı. İsenim insang'a u'lken ku'sh-quwat, do'retiwshilik ruwx bag'ıshlap, keleshekke ken' jol ashadı. Sonlıqtan adamzat tariyxında ko'p na'rseler bolıp, olardın' geyparaları ja'miyetlik turmıstan belgili waqıt ishinde jog'alıp ketse de isenim menen ba'rqulla birge jasaw uqıbın iyelegen.

İlim menen dinnin' adam xızmetine mu'na'sibeti birdey, Dinde, ilimde ja'miyet rawajlanıwının' obektiv nızamların o'zgerte almaydı, biravq adam qansha ilim-bilimli bolg'an sayın diniy tu'siniklerge sonshelli tu'sinip baradı.

Biz xalqımızdın' turmısı menen jasap kiyatırg'an u'rp-a'det da'stu'rlerinde dinnin' de ma'lim da'rejede ta'rbiyalıq ta'sirinin' bar ekenligin ha'm o'mirshen'ligin ta'n alıwımız lazım.

Qaraqalpaq xalqının' tariyxında jas a'wladqa ta'rbiya beriwdin' bay ta'jriybeleri o'zinin' qaytalanbas ko'rinislerin du'nyag'a keltirdi. Milliy u'rp-a'det, da'stu'rler insannın' keliwi menen tu'rli waqıyalarg'a baylanıslı: perzenttin' kindigin kesiw, besikke bo'lew, tusaw kesiw, su'nnet etkiziw, u'yleniw yaki turmısqa shıg'ıw sıyaqlı bir-neshe ko'rinisleri menen payda boldı. Mısalı, xalqımızda qız balanı u'y sıpırıp, to'sek jıynawg'a, kiyim tigip, awqat pisiriwge, usılay etip ananın' jaqsı qa'siyetlerin boyına sin'irip, u'ydin' ishki jumıslarına, u'yretilse, al ul balanı ka'sipke, ata da'stu'rin saqlawg'a ta'rbiyalaw baslı maqset boldı. Sonlıqtan xalqımızda «Ana ko'rgen ton pisher, ata ko'rgen oq jonar» degen maqal aytıladı.

Jaqsı a'wlad jaqsı atadan, jaqsı adam, jaqsı ta'rbiyadan tuwıladı. Qaraqalpaq xalqının' ta'lim-ta'rbiyası da xalıq da'stu'rleri menen milliy u'rp-a'detlerine ajıralmas tu'rde baylanısqan.

Danıshpan babalarımız benen, aqılı zıya analarımız o'mir boyı o'zlerinin' ko'rgenin, bilgenin perzentlerinin' qa'lbine sin'diriwge, xalqının' u'rp-a'detlerin a'ziyzlep bularg'a ul-qızların salıq ha'm qırag'ı bolıwına u'yretip otırdı. Bul jaslarda jası u'lkenge xızmet etiw, jası u'lkennen pa'tiya alıw, jası u'lkennin' sarqıtın jew qusag'an hu'rmet izzet, sıylasıq, joqarı adamgershilik qa'siyetlerdi payda etip, da'stu'rge aynalıwshılıqtı payda etip otırdı.

U'rp-a'det, da'stu'rlerdin' ja'miyetlik turmıstag'ı ornı, bul adamlarda a'dep-ikramlılıq, adamgershilik ko'rinislerdi qa'liplestiriwshi, jaslardı ta'rbiyalawdag'ı ullı ku'sh ekenliginde. Ha'r bir xalıqtın', millettin' birinshi belgisi tili bolsa, ekinshi belgisi u'rp-a'det, da'stu'rleri bolıp esaplanadı. Sonlıqtan adam jasaytug'ın jerde da'stu'r de o'z ornın tabadı. Xalıq da'stu'rleri adamlardın' xızmetin, za'ru'rli sharayatların sa'wlelendirip, tariyxıy qa'liplesken sotsiallıq jag'dayın, turmıs qa'lpin ko'rsetedi. Ku'ndelikli

turmıstın' barlıq ta'repleri yaki tarawları o'z-ara qatnasıq, ma'deniyat, siyasat, ko'rkem o'ner bulardın' barlıg'ı xalıq o'z da'stu'rleri menen u'lken isenim ha'm hu'rmet penen qarap, onın' turmıstag'ı ornın joqarı bahalag'an. Ja'miyet adamdı o'zinin' a'dep-ikram normaları, ta'lim-ta'rbiyalıq qag'ıydaları menen qorshap turadı. İnsan o'mirin u'rp-a'det, da'stu'rlerisiz ko'z aldın'a keltiriw qıyın. Adamzat tariyxının' uzaq da'wirinen beri kiyatırg'an u'rp-a'det, da'stu'rler o'zinin' turmıslıq ornı menen adamlardın' minez-qulıq ta'rtip, isenim ku'shin, ja'miyetlik pikir ku'shin o'zinde saqlap kiyatır. Da'stu'rler adamdı ja'miyet penen, tariyx penen ha'm keleshek penen baylanıstıradı. Adamzat rawajlanıwının' pu'tkil barısın, a'wladlardın' bir-birine baylanısın ta'miynlewshi u'rp-a'det, da'stu'rler eger turmısta o'z ornın jog'alta noda xalıqtın' yaki millettin' keleshegi qa'wip astına qaldıradı. Ja'miyette payda bolatug'ın ha'r qanday tariyxıy o'zgerisler menen jan'a qatnasıqlar na'tiyjesinde da'stu'r ha'm u'rp-a'detlerdin' sotsiallıq a'hmiyeti artıp baradı. Ja'miyetlik turmıstag'ı u'rp-a'det, da'stu'rlerdin' a'hmiyetinin' artıp barıwı eki ta'repten ko'rinedi. Birinshi ta'repi: xalıq massasının' bug'an ken' ko'lemde qosılıwı, yag'nıy adamlardın' ku'ndelikli turmıstag'ı u'rp-a'det, da'stu'rlerdin' ken' en jayıwı bolsa, ekinshiden turmıstın' barlıq salasına teren'nen kirip barıwı, a'sirese ta'rbiya za'ru'rligine aylanıwı bolıp esaplanadı. Xalıq bala o'mirine ta'n u'rp-a'det, da'stu'rlerdin' orınlanıwı ja'rdeminde perzent baxıtqa erisedi, dep esaplang'an. Usı arqalı perzentinin' ta'g'diri jo'ninde o'zlerinin' kewlin toq sezip, u'lken u'mit penen turmıs keshirgen, o'mirge isenim menen jasaw, og'an baxtiyar seziwdin' tiykarg'ı jolı dep tu'singen. Solay etip u'rp-a'det ha'm da'stu'rler adamlar turmısında a'hmiyetli sotsiallıq funktsiyalardı orınlaytug'ın, jeke adam menen ja'miyet ortasındag'ı qatnasıqlardı retlestiretug'ın ta'rbiyalıq qural retinde xızmet atqarıp kelgen ha'm bul qubılıstı ja'ne de dawam ettiriwshilik qa'biletlerine iye.

## II-bap. Milliy qa’driyatlar ha’m milliy ta’rbiyanın’ uyg’ınlıg’ı

### II.1.Milliy qa’driyatlar ja’rdeminde milliy sananı jetilistiriw ma’seleleri

Ja’miyettin’ rawajlanıw tariyxında insanlardın’ adamgershilik qa’siyetlerge iye bola baslaw da’wiri bunnan million jıllar burın payda bolıp, adamlar o’zlerinin’ a’dp-ikramlılıq normaların miynet etiw uqıplılıqları menen a’melge asıra baslag’an. A’dep-ikramlılıq o’lshem sıpatında ja’miyettegi adamlardın’ minez-qulıq, ju’ris-turıs, o’z-ara qatnasıq ha’m erler menen hayallar ortasındag’ı morallıq qag’ıydaların qa’liplestiredi. A’dep-ikramlılıq, adamgershilik ko’rinisler bul insannın’ o’z-o’zine, basqa adamlarg’a, miynetke, ja’miyetke mu’na’sibeti sıyaqlı tu’siniklerdi o’z ishine alıp, a’dep-ikramlılıq belgileri ja’miyetlik du’zimge ta’n bolıp, ja’miyetlik du’zimnin’ o’zgeriwi menen olda o’zgerip otırg’an. A’sirese adamgershilik normalardı o’z ishine alatug’ın xalıqtın’ u’rp-a’detleri ha’m da’stu’rleri insannın’ jetiskenligi ha’m onın’ ruwxıy du’nyasının’ qanday da’rejede ekenligi menen belgilenedi. Sonlıqtan jaslardı u’rp-a’det, da’stu’rler tiykarında adamgershilik ha’m a’dep-ikramlılıqqa ta’rbiyalaw xalıqtın’ ikyeli ha’reketlerinin’ biri esaplanılıp kelgen.

Qaraqalpaq xalqının’ ta’rbiyalıq da’stu’rleri ata-babalarımız jaratqan milliy miyraslarının’ dawamı bolıp, bular hadallıq, haqıyqatlıq, doslıq, tuwısqanlıq, miymandoslıq, ashıq kewillik, saqıylıq, tuwg’an jerge su’yispenshilik, sabırlılıq, insanlılıq, a’dalatlılıq, qanaatshıl ha’m basqa da adamgershilik pazıyletlerdi jas a’wladlardın’ boyına sin’diriwge bag’darlang’an. Sebebi adamgershilik ha’m demokratizm xalıq pedagogikasının’ sog’ıp turg’an ju’regi.

Qaraqalpaq xalqının’ u’rp-a’detleri, turmıs ta’rizi, ta’lim-ta’rbiyası tuwısqan o’zbek, qazaq, tu’rkmen ha’mi basqa da Orta Aziya xalıqlarının’ ma’deniyatı menen birgelikte o’zine ta’n milliy o’zgeshelikleri menen uzaq a’sirlerden baslap rawajlanıp kiyatır. Bul da’stu’rler du’nyag’a kelip atırg’an jan’a a’wladlar ta’repinen basshılıqqa alınıp, xalıqtın’ tınısh, tatıw, toq jasawına o’zinin’ jaqsı ta’sirin tiygizbekte.

A’yyemgi da’wirlerden-aq shıg’ıs xalıqlarında usının’ biri qaraqalpaq xalqında a’dep-ikramlılıq ha’m adamgershilik ma’seleleri ta’rbiyada baslı orın iyelep, xalıq jaslarg’a a’dep u’yretiwde tiykarınan o’zlerinin’ turmıslıq ta’jiriybelerine su’yenip otırg’an. A’dep-ikramlı bolıw pazıyletleri haqqında qosıq ha’m da’stanlar, ertekler, naqıl-maqallar do’retken.. Mısalı

Bahası joq g’a’ziyne,
Altınnan zıyat a’dep bar,
Bolayın desen’ a’depli,
Xosh qılıq penen a’detlen,
Da’wletin’ taymas ha’rgizde
A’dep penen ziynetten
Aqılın’ bolsa aqılg’a er,
Aqılın’ bolmasa naqılg’a er. h.t.b.

Erte da’wirlerden-aq ilimli, bilimli adamlar xalıqtın’ en’ abıraylı adamları esaplang’an. Sonlıqtan ilimli bolıw a’dep-ikram qag’ıydaların iyelew menen tıg’ız baylanıslı bolıp adamlardın’ ha’mmesi bunday sıpatlarg’a iye bola bermegen. Ata babalarımızdın’ a’dep-ikramlılıq da’stu’rleri jaslardı ha’r ta’repleme ta’rbiyalawdı o’z ishine alıp olarg’a a’dep ha’m bilim u’yretiw za’ru’r ekenin tu’sindirgen.

A’lemnin’ go’zzallıg’ı bir ta’repten adamnın’ aqıl-huwshı, pa’mparasatı ha’m bilim ta’jiriybesi menen ko’rinedi. Biz o’tmishimizge na’zer salatug’ın bolsaq ata-babalarımızdın’ dana, aqılgo’y tuwrı bolg’anın, olardın’ kleshek a’wladlar qa’sterlep dawam etetug’ın da’stu’rlerdi miyras etip o’z urpaqlarına qaldırg’anın ko’remiz. Demek, a’zelden shıg’ıs xalıqlarının’ u’rp-a’detleri ja’ne ta’rbiyalıq da’stu’rleri bul u’lkede jasawshı ha’r bir insandı aqıl, a’dep ha’m adamgershilik jemisleri menen ruwxıy azıqlandırıp kelgen.

Ha’r da’wirdin’ o’zine jarasa jolı, ha’m usıları, keleshekke umtılıw maqsetleri boladı. Bul ha’r bir ja’miyet ag’zasının’ joqarı a’dep-ikramlılıg’ı,

ha’r bir adamnın’ o’z tariyxı, u’rp-a’detleri ha’m da’stu’rlerin biliwi menen tıg’ız baylanıslı.

Orta Aziya xalıqları sonın’ ishinde qaraqalpaq xalqının’ ja’miyetlik turmısı ko’p a’sirlerden beri islam dini menen baylanıslı bolg’anı ma’lim. İslam dini ha’m onın’ muqalles kitabı «Quran»-bul tek jazba estelik yaki diniy oqıwlıq bolıp g’ana qalmastan, ol o’zindegi pedagogikalıq oy-pikirlerdin’ o’tkir ta’siri menen insanlardı bir-birine jaqınlastırıwshı, ta’rbiyalawshı pazıyletlerdi de o’zinde ja’mlegen. Xalıqtın’ ta’rbiyalıq da’stu’rlerinde Muhammed payg’ambar alayhissaalamnın’ jaslardı adamgershilik, a’deplilik sıpatlardı payda etiwshi jaqsı pazıyletlerge u’lken dıqqat bo’lip, ta’lim ta’rbiyalıq ko’z-qaraslarında jaslardı miynet su’yiwshilikke, hadal xızmet etiwge, ka’sip o’ner iyelewge shaqırıwları ken’ orın iyelegen. Miynet su’yiwshilikke ta’rbiyalaw jaslardın’ insanıylıq pazıyletlerin teren’lestirip adamgershilik sezimlerin jetilistiredi, sonın’ ushın Muhammedtin’ u’mmetimen degen bendelerdin’ insan ushın jaqsı niyette jasawın parız dep esaplang’an. Jaqsılıqtın’ kishisi joq, eger jolda jatqan tas, tikenek bolsa alıp taslan’lar, bul insang’a isengen qayır-saqawat. Adamnın’ birinshi wazıypası bendeler ushın sawap bolarlıq is ko’rsetiwi. Jaqsılıq etiw bul quday jolına berilgen sadaqa.

O’tmishin umıtqan xalıq o’zligin umıtadı, sonın’ ushın insannın’ a’dep-ikramlılıg’ın belgilewshi iyman, insap, hu’jdan kishi peyillik, ju’ris-turıs, ar-namıs qusag’an ata-babalarımızdan qalg’an milliy miyraslar xalqımızdın’ jas a’wladlardı ta’rbiyalawdag’ı a’zelden qa’liplesken u’rp-a’detleri bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq xalqının’ mın’ jıllar dawamında qa’liplesken turmıstın’ barlıq tarawında saqlanıp kiyatırg’an u’rp-a’detleri menen ta’rbiyalıq da’stu’rleri bul bizler ushın tek tariyx bolıp qalmastan bu’gingi ku’ni jaslardı a’dep-ikramlı, adamgershilikli, ta’rbiyalawda qolaylı mu’mkinshilik jaratatug’ın bay ruwxıy du’nyamız bolıp tabıladı. Sonlıqtan jaslardı adamgershilikke ta’rbiyalaw tarawında paydalanıw, tuwrı a’melge asırıw u’lken a’hmiyetke iye.

Xalqımızdın’ ta’lim-ta’rbiyalıq da’stu’rine ta’n jaslardı adamgershilikke, a’dep-ikramlılıqqa ta’rbiyalawdın’ birinshi ko’rinisi, bul sa’lemlesiwden baslanadı. Xalqımızda a’dep-ikramlılıqtın’ bul ayrıqsha ko’rinisin a’yyem da’wirlerden-aq jaslarg’a en’ kishi waqtınan baslap u’yretiw da’stu’r bolg’an. Sonın’ ushın xalıq ta’repinen sa’lem berip a’lik alıw o’z-ara izzet hu’rmettin’, sıylasıq, adamgershiliktin’ joqarg’ı ko’rinisi esaplanıp, bul a’det ja’miyetshiliktin’ ha’r bir ag’zası ta’repinen a’melge asırılıp otırılıwı talap etilgen. Biz xalqımızdın’ da’stanlarında, naqıl-maqal, aqıl-na’siyatlarında sa’lemlesiw a’debine baylanıslı aytılg’an na’siyatlardı jiyi ushıratamız ha’m bular ha’mme waqıt ustazlar menen ata-analardın’ dıqqat orayında bolıfp keldi. Sa’lem berip a’lik alıwdın’ insan ushın u’lken ku’sho’lkemlestiriw, ha’m ma’det ekenin na’zerde tuta otırıp, Muxammed İbn Abdulla o’z ha’diyselerinde eger ata-anan’dı ten’nen ko’rip qalsan’ birinshi anan’a sa’lem ber, keiyn atan’ menen sa’lemles dep nisiyat etedi. Sa’lemlesiw ha’r bir adamnın’ parızı, sebebi arbasha aman-esenlik, tatıw-tınıshlıq, qut-bereket tilew sıyaqlı ma’nilerdi bildirip, «Assalawma-a’leykum so’zi sizge salamatlıq, amanlıq tiyleymen degen ma’nisti bildirse, al o’z gezeginde, wa’liykum assalam» so’zi o’zin’izge de amanlıq, salamatlıq tileymen degendi abaylatqan. Bular adamlardın’ bir-birine mehir-muhabbattın, jaqsı oy-pikirin, haq kewilligin ta’rbiyalawdın’ bir usılı esaplanadı. Orta Aziya xalıqlarında ushrasqan adam tanıspa, biytanıspa og’an qaramastan o’z perzentine sa’lemlesiwdi wyretiwinin’ na’tiyjesi ata-babadan kiyatırg’an adamgershilik, a’dep-ikramlılıq da’stu’rdin’ en’ joqarı ko’rinisi bolıp esaplanadı.

### II. 2. Jaslarda milliy sananı jetilistiriwde ma’ha’llenin’ roli ha’m ornı

Jaslar sanasında milliy psixologiyanı, milliy mentalitetti, ulıwma milliylikti ta’rbiyalaw wazıypaların unamlı sheshiwde ma’ha’lle iskerligi, aktivligi u’lken a’hmiyetke iye. O’ytkeni ol sotsiallıq terbiyanın’ negizgi tarmaqlarınan biri esaplanadı. Ma’ha’llenin’ u’stinligi sonda, ko’p jıllar dawamında birge jasag’an

insanlar bir aymaqlıq shan'araq kibi ja'mlesip jasap, bir ata-ananın' perzentleri kibi ta'rbiya aladı. Ma'ha'llede da'stu'riy ta'rbiyanın' metodları bolıp, olar bir neshe a'sirlik turmıslıq sınaq ha'm ta'jiriybelerden o'tken. Ma'selen xashar usılı menen sotsiallıq paydalı miynetke ja'mlestirilip, awır payıtlarda bir-birine ja'rdem beredi. «Naurız», «Altın toy», «Mu'shel toy», «Shashıw toy» ha'm bir qatar basqa milliy ma'resimlerdi birgelikte bayramlaydı. Bul bolsa so'zsiz u'lken ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye ha'm a'deplilikti rawajlandırıwg'a, milliyligimizdi saqlap qalıwg'a, bayıtıwg'a, ja'miyettin' baslang'ısh negizi sıpatında shan'araqtı bekkemlewge ja'rdem beredi.

Ta'lim mekemeleri negizinde pedagogik, huqıqıy, psixologiyalıq, ruwxıy-ag'artıwshılıq bilim beriwshi «Ata-analar oqıwı» iskerligin sho'lkemlestiriw, bala ta'rbiyası jaqsı jolg'a qoyılg'an shan'araqlardı tiyisli mekemeler menen birgelikte u'a'renip shıg'ıp, ta'jiriybelerin en jaydırıwdı jolg'a qoyıw.

Ma'ha'lle aqsaqalları menen birgelikte ruwxıy salamatlıg'ı to'men shan'araqlardı ma'ha'lle jıyınlarında talıqlaw, olar boyınsha ja'ma'a'tlik pikirlerdi u'yreniw ha'm sonın' tiykarında kemshiliklerdi mu'mkinshiligi bolg'anınsha saplastırıw.

Ma'ha'llelerdin' unamlı is ta'jiriybesi, xalqımızdın' ruwxıy ta'rbiyadag'ı burınnan kiyatırg'an usılları, da'stu'rleri ha'm u'rp-a'detleri, sonday aq jaslar menen alıp barılatug'ın ta'rbiyalıq islerdin' jan'a na'tiyjeli formaların izlew boyınsha jumıslardı sho'lkemlestiriw maqsetleri turar jay boyınsha ruwxıylıq-ag'artıwshılıq oraylar ashıw za'ru'rligin keltirip shıg'aradı. Ruwxıylıq-ag'artıwshılıq oray bul sotsiallıq ta'rbiya sisteması bolıp, ha'kimiyatlar, ma'ha'lle birlespeleri, ka'rxanalar, ja'miyetlik sho'lkemler, mektepler, mektepten tısqarı ta'lim mekemelerinin' turar jay boyınsha sotsiallıq ma'selelerin sheshiwge, xalıqtın' barlıq qatlamları ha'm birinshi gezekte balalar ha'm o'spirimler arasında ta'rbiyalıq islerdi alıp barıwda unamsız illetlerdin' aldın alıw ha'm olarg'a qarsı ja'miyetshiliktin' ku'sh-g'ayratın birlestiredi.

Mektep, shan'araq, miynet ja'ma'a'tleri, ja'miyetlik sho'lkemlerdin' bul jan'a sisteması balalar ha'm eresek jastag'ı adamlardın' a'deplilik, ideyalıq-siyasiy, miynet, ekonomikalıq-ekologiyalıq salamatlastırıw ha'm fizikalıq ta'rbiyasına, bos waqtın mazmunlı o'tkeriwge, ma'deniyat, sport, xalıq ta'limi, ka'rxanalar, sho'lkemler ha'mde ma'ha'llelerdin' materiallıq bazası ha'm xızmetkerlerinen tolıq, aqılg'a say paydalanıwda a'meliy imkaniyatlar beredi.

Ruwxıy-ag'artıwshılıq oraydın' abzallıg'ı sonda, ol u'ziliksiz ta'rbiya protsessinde ta'rbiyanın' xalıqlıq, milliy tiykarların, da'stu'rlerin a'meliyatqa endiredi. Bunday oraylar ma'ha'llelerdin' ta'rbiyalıq jumıslarının' na'tiyjeliligin asırıwdı ta'miyinleydi, barlıq balalar ha'm u'lken jastag'ı adamlarg'a ruwxıy ta'sir ko'rsetedi.

Ruwxıy-ag'artıwshılıq oraylardın' iskerlikleri turar jaylar boyınsha xalıqtı tu'rli toparlarg'a bo'listiriliwi tiykarında qatnasta bolıw arqalı barlıq ta'rbiyalıq, fizikalıq salamatlastırıw, ma'deniy dem alıw, ag'artıwshılıq islerin jaqsılawdı ta'miyinlewge u'ndewge ha'reket etedi. Ha'kimiyatlar, xalıq ta'limi organları, u'y-jay kommunal xojalıqları, ma'ha'lle komitetleri, huqıq qorg'aw organları, den sawlıqtı saqlaw mekemeleri, ka'rxanalardın' wa'killerinin' turaq jaylar boyınsha ta'rbiyalıq islerin rejelestiriw ha'm sho'lkemlestiriwde o'z-ara, tolıq birlikke erisiw kerek.

Ruwxıy-ag'artıwshılıq oraylardı kadrlar menen ta'miyinlewge xalıq ta'limi bo'limleri, ma'ha'lleler pidayılıq penen ja'rdem beriwleri u'lken jetiskenliklerge erisiwdin' tiykarg'ı jollarınan esaplanadı.

Ma'ha'llenin' o'zine ta'n turmıs ta'rizi bolıp, kim bolıwınan biyg'a'rez onın' ta'rtip-qag'ıydalarına boysınadı, bir-birine ja'rdem beredi, toy-merekelerde, xasharlarda birge boladı. Sonlıqtan da ma'ha'llenin' turmıs ta'rizi onda jasaytug'ınlardın' sana-seziminde o'zine ta'n bir jıllı sezimlerin ha'm jag'ımlı iz qaldıradı. Ma'ha'llede ra'smiy bolmag'an sotsiallıq baylanıslar sisteması qa'liplesken. Eger qanday da bir mereke bolsa, aqsaqaldın' bir awız ga'pi menen barlıq qon'sı-qobalar xızmette boladı.

Barlıq adam ma'ha'llenin' abıroyın saqlawg'a tırısadı. Bul jerde ja'ma'a't ha'm aqsaqallardın' pikirlerine boysınıw printsipi u'stinlik etedi. Bul na'rse Shıg'ıslıq ruwxıylıqqa masdur. Sol sebepli xalqımızdın' arasında «Ma'ha'llen' ata-anan'», «Bir balag'a jeti ma'ha'lle ata-ana» degen ibaralar payda bolıp, adamlardın' en' quwanıshlı ha'm awır ku'nlerinde de ma'ha'lle insanlardın' ku'nine jaraydı, ja'rdem ko'rsetedi, adamlardı birlestiredi. Joqarıda keltirip o'tken ibirilarımızdın' mazmunı-ma'nisi og'ada teren' bolıp, olar turmıslıq sınaqlar na'tiyjesinde payda bolg'an. Sonlıqtan da xalqımız arasında elege shekem olar jan'a mazmun menen jasap kelmekte.

Ha'zirgi waqıtta ma'ha'lle ko'pshilik adamlar ushın ruwxıy ortalıq bolıp esaplanadı. O'ytkeni bul jerde insang'a ibrat bolarlıq waqiyalar da, eskertiwshi, tu'rtki bolıwshı waqiyalar da bolıp turadı. Eger ma'ha'llede ruwxıy ortalıq pa's bolsa, onda ol jerde huqıqbuzarlıqlar da orın aları so'zsiz. Demek, ruwxıy ortalıq shaxstı da, pu'tkil a'wladtı da belgili bir bag'darda birlestiredi, ta'rbiyalaydı, unamlı ta'replerin ju'zege shıg'aradı, olardı ha'r tu'rli jaramas illetlerden saqlaydı. Ruwxıy ortalıq ha'r qanday jetiskenlik yamasa ashılıwlardın' (shetten qabıl etilgen jan'a qa'driyatlardı da) ta'g'dirin belgileydi: ya rawajlandıradı, yamasa umıtılıwg'a ma'jbu'r etedi, yamasa deformatsiya etip, o'zine maslastıradı.

Ruwxıy ortalıq – ja'miyettin' sezim, aqılıy ha'm fizikalıq kamalatı tuwrısında erisken ortasha da'rejesi tiykarında payda bolg'an talapları ha'm olardın' a'melge asıw ta'rtibi. Ortalıq, a'dette, barqararlıqqa bir tegislik ha'm bir qıylılıqqa umtıladı, onın' talapları ha'm ta'siri ha'mmege birdey – ortalıq boladı. Onın' talaplarına juwap beriw ushın kimlerdur o'zlerin ta'rbiyalaydı, qa'liplesedi. Kimler ushındur ulıwma ruwxıy ortalıqtın' talapları kemlik qıladı. Bunda shaxslar yaki do'retiwshi topralardın' imkaniyatları tolıq ju'zege shıqpastan qalıw qa'wipi tuwıladı. Sonlıqtan ulıwma ruwxıylıq ortalıq shen'berinde salıstırmalı o'zine ta'n bolg'an tabaqalıq, ka'siplik-professional yaki toparlıq ortalıqlar bar. Ha'r bir jas a'wladtın', a'sirese mektep jasındag'ı

balalardın’ ruwxıy jetik, ka’mil shaxs bolıp er jetiwinde taza atmosfera, ta’biyat ju’da’ u’lken rol oynaydı.

Ullı grek alımı Demokritten bir kisi kelip soraydı:

-Ha’zirgi jaslar jo’ninde ne dey alasız?

-Ha’zirgi jaslar o’z bilgenlerinen qalmaydı, olardı u’lkenlerge hu’rmet, kishilerge izzet jog’alg’an, o’zbasımsha bolıp ketken. Bunın’ aldın alıw ushın shan’araqtag’ı ha’m ma’ha’lledegi ta’rbiyanı ku’sheyttiriw kerek,- dep juwap beripti danıshpan.

Demek, ma’ha’lle insanlardın’ tariyxtan qa’liplesken ulıwma bolg’an maqset penen jasap, miynet etetug’ın ma’kanı esaplanadı. Ol bizin’ xalqımızdın’ turmıs ta’rizi, ruwxıyatı, sotsiallıq turmısının’ o’zine ta’n bolg’an qa’siyetlerin sa’wlelendiriwshi, milliy da’sru’rlerin, u’rp-a’detlerin, a’dep-ikramlılıq qa’driyatların a’wladtan-a’wladqa jetkerip beriwshi muqa’ddes ma’kan bolıp kelgen. Ma’ha’lle insanlardın’ milleti, jası, jınısı, dini, tili, isenimi, sotsiallıq kelip shıg’ıwı, shaxsiy ha’m sotsiallıq da’rejesinen biyg’a’rez olardı jaqsılıq jolında birlestiriwshi u’lken shan’araq bolıp esaplanadı. Bul shan’araq adamlardın’ bir-birlerine bolg’an hu’rmeti, muhabbatı, bekkem doslıg’ı tiykarında jasaydı.

Shan’araq ha’m ma’ha’lle ha’r ta’repleme bir-biri menen baylanıslı. Perzentler shan’araqta kamal tapqanı kibi, shan’araq ta ma’ha’lle ishinde, keleshekke qaray umtılıp rawajlanadı, basqa shan’araqlardan ha’r ta’repleme izde qalmawg’a tırısıp ha’reket etedi. Na’tiyjede ha’m ruwxıy, ha’m materiallıq jaqtan o’zin o’zi ta’miyinlew ta’jiriybesi ha’m ko’nlikpesi ku’sheyip baradı. Kerekli waqıtları ma’ha’lle ha’r bir shan’araqtın’ en’ jaqın ma’sla’ha’tshisi ha’m tayanıshı boladı. Shıg’ıs xalıqları ushın en’ a’hmiyetli qa’siyet bul quwanıshlı ku’nlerde de, basına is tu’sken ku’nlerde de bir birine sherikles ha’m da’rtles bolıw. İnsanlar arasındag’ı bunday baylanıs ha’m mu’na’sibetlerdin’ a’hmiyetli quralı bul ma’ha’lledur.

O’zbekstanda turmıs ma’deniyatın jetilistiriw ha’m ko’plegen mashqalalardın’ sheshiliwinde tariyxıy wazıypanı atqarg’an ma’ha’lle – xalıqtın’ xalıq bolıp maydang’a shıg’ıwında en’ birinshi faktorlardan boldı desek qa’telespegen bolamız. Ma’ha’lle birlestiriwshi ku’sh bolıp, Watannın’ bir bo’legi esaplanadı. Ma’ha’llede jetiskenlikler, kemshilikler de turg’ınlarına ma’lim. Adamlardın’ biri birilerin jaqsı biliwi na’tiyjesinde ortada mehir-aqıbet payda boladı. Bulardın’ barlıg’ı xalqımızdın’ ruwxıy jaqtan jetilistirgen, onı ma’deniyatlı xalıqlar qatarına ko’tergen en’ qımbatlı milliy belgilerdendur. Ma’ha’lleni shan’araq qorg’anı dep te ataw mu’mkin. Millettin’ tariyxın u’yreniw ma’ha’llenin’ tariyxın u’yreniwden baslanadı.

Ma’ha’lle jo’ninde so’z etkenimizde Prezidentimiz İ.A.Karimovtın’ aytqanınday: «A’sirler dawamında ma’ha’llelerde ko’plegen turmıslıq mashqalalar o’z sheshimlerin tawıp keldi. Toy –merekeler de, xayt xasharlar da ma’ha’lle turg’ınlarısız o’tpeydi. Ma’ha’llelerde siyasiy, ekonomikalıq ha’m basqa ma’selelerge tiyisli ja’miyetshilik pikiri qa’liplesedi. Bul bolsa xalqımızdın’ turmıs ta’rizi, ata-babalarımızdan bizge miyras bolıp kiyatırg’an sana-sezim, oy-o’ris ta’rizidur. Turmıstın’ o’zi ma’ha’llelerdi rawajlandırıw ha’m olardı qollap-quwatlawdı talap etpekte. Ma’mleketimizde ko’p qırlı reformalar a’melge asırılıp atırg’an bir payıtta ma’ha’lle ja’miyet ushın isenimli tayanısh ha’m ta’sirshen’ ku’sh bolıp xızmet etiwi lazım.»

Ma’ha’llenin’ iskerligin ja’nede janlandırıw ha’m olardın’ ta’sirin ku’sheyttiriw maqsetinde Prezidentimiz ha’m Respublika Oliy Ma’jilisinin’ bir neshe ibratlı pa’rmanlar ha’m nızamlardı turmısqa endirilmekte. Solardan, «Puqaralardın’ o’zin-o’zi basqarıw organları jo’ninde» gi nızamın mısal retinde keltirip o’tsek boladı.

Ma’ha’lle u’lken ma’mleket ishindegi kishkene bir ma’mleketdur. Sonın’ ushın onı basqarıw sisteması bolg’anı kibi, onın’ o’zine ta’n sotsiallıq – ekonomikalıq ha’m ma’deniy-ag’artıwshılıq iskerlik mexanizmi de a’sirler dawamında qa’liplesedi.

Ma’ha’llede, onda jasawshı shan’araqlar ha’m ha’r tu’rli jastag’ı insanlar ushın ta’n bolg’an ta’dbirler a’melge asırılıp kelinbekte. Ma’selen: «Qa’nekey qızlar», «Jigitler sultanı», «Jaslar g’a’rezsiz turmıs bosag’asında», «Huqıqın’ızdı bilesizbe?», «Shan’araq – ja’miyet tayanıshı», «Qayın ene –kelin mu’na’sibetlerinin’ a’deplilik-ruwxıy tiykarları» ha’m t. b.

O’zbekstan Respublikası Oliy Ma’jilisinin’ usı nızamı boyınsha ma’ha’llelerge u’lken huqıq berildi, olardın’ basqarıwshılıg’ın ken’eyttirip, byudjetten qosımsha shtatlar ajıratıldı ha’m kem ta’minlengen shan’araqlarg’a napaqalar tarqatıw da ma’ha’llelerge ju’kletildi.

O’zbekstan Respublikası Prezidentinin’ «Respublika «Ma’ha’lle» xayriya jamg’armasın sho’lkemlestiriw haqqında»g’ı 1999 jıl 12 sentyabrdegi Pa’rmanına ko’re tariyxıy qa’liplesip kelgen milliy ruwxıy qa’driyatlardı abaylap-asıraw ha’m xalqımız arasında en jaydırıw, respublika ma’ha’llelerinde ma’deniy ha’m ag’artıwshılıq islerin ken’ jolg’a qoyıw, sonday aq, olardı sotsiallıq ha’m ekonomikalıq jaqtan ja’ne de bekkemlew sharaların ma’mleketlik jol menen qollap-quwatlaw maqsetinde jamg’arma du’zilgenligi aytıladı.

Sha’riyatımızda ha’r bir insannın’ bir-birlerine haq huqıqları bar ekenligi ko’rsetilgen. Solardın’ ishinde ha’r bir perzenttin’ biliwi tiyis bolg’an ata-ana aldındag’ı wazıypaları to’mendegiler:

1. Mu’ta’j bolg’anda awqatlandırıw
2. Xızmetin etiw
3. Shaqırg’anda la’bbay dep juwap beriw
4. Gu’nadan basqa islerge jumsasa taq turıw
5. Ata-ana menen jumsaq ma’milede so’ylesiw
6. Ata-ananı, qurbı jetse libaslar menen ta’minlew
7. Ata-ananın’ arqasında ju’rmek
8. O’zi jaman ko’rgen na’rseni ata-anag’a rawa ko’rmeslik
9. O’zi razı bolatug’ın na’rseni ata-anasına da rawa ko’riw
10. Mudamı o’zi ushın duwa qılg’anda, ata-ananı da duwa qılmaq.

Ha’r bir ata-ana ka’mil perzentti ta’rbiyalawdı niyet etedi. Biraq materiallıq ha’m ruwxıy ortalıq bazı perzentlerdin’ buzılıwına, joldan azıwına sebep bolıp atırg’anlıg’ın ku’ndelikli turmıs mısalında da ko’riwimizge boladı. Sonlıqtan da xalqımız «ulın’ o’sse ulı jaqsı menen, qızın’ o’sse qızı jaqsı menen qatnas» dep na’siyatlaydı.

## Juwmaqlaw

Ma’mlekettin’ jarqın keleshegin ta’miynlew jaslardın’ ha’r ta’repleme jetik, uzaqtı go’zlep is tutatug’ın, o’zin tolıq an’lag’an, o’mirdegi ornın taba alg’an, el-xalqı ushın janın pida’ etetug’ın ka’mil insanlar etip ta’rbiyalanıwına baylanıslı. Demek, shın insaniy pa’ziyletlerdi olardın’ qa’lbinde rawajlandırıw, du’nyaqarasların durıs qa’liplestiriw, olarda milliy maqtanısh, milliy psixologiya, milliy mentalitetti jetilistiriw bu’gingi da’wir talabı desek qa’telespeymiz.

Milliy ta’rbiya protsessinde ta’rbiyanın’ a’lwan tu’rli qurallarınan, usıllarınan, tu’rlerinen paydalanıw aqılg’a ug’ras keledi.

Ha’r bir xalıqtın’ tariyxıy rawajlanıwı, ekonomikalıq jetilisiwi barısında turmıstın’ tu’rli tarawlarında da’stu’rler ha’m u’rp-a’detler ju’zege shıg’adı ha’m rawajlanadı. Da’stu’r bul ken’ mag’anada ha’zirgi da’wirdi o’tmish ha’m keleshek penen baylanıstırıwshı qubılıs, u’rp-a’det, da’stu’rlerinin’ mazmunı ha’m ta’rbiyalıq a’hmiyeti ha’r bir tariyxıy da’wirdin’ ha’m xalıqtın’ ma’deniy ha’m ruwxıy sharayatı menen payda bolıp, o’zinin’ rawajlanıw ha’m turmıslıq ornına iye.

U’rp-a’det, da’stu’rler ja’miyetlik turmısta a’dep-ikram normaları, xojalıq, miynet ha’m do’retiwshilik obrazların sa’wlelendirip adamlardın’ o’z-ara mu’na’sibetlerin, xalıqtın’ ta’lim-ta’rbiyalıq da’stu’rlerin ha’m turmıs qa’lbin o’zine ja’mleydi. Adamlardın’ u’rp-a’det, ta’rtip qag’ıydalarının’ ja’miyetlik turmıs waqıyalarına baylanıslı rawajlanıwı a’wladtan-a’wladqa o’tip jaslardın’ qa’liplesiwine u’lken ta’rbiyalıq ta’sir tiygizedi. Qaraqalpaq xalqının’ u’rp-a’det ha’m da’stu’rleri aldıng’ı a’wladlar ta’repinen jaratılg’an o’zinin’ bay mazmunına iye. Jas a’wladlar o’zinin’ rawajlanıw barısında aldın’g’ı a’wladlardan miyras bolıp qalg’an ruwxıy baylıqlar ha’m o’z-ara mu’na’sibetindegi en’ jaqsı ta’jiriybelerden paydalanadı. Da’stu’rge aylang’an a’dep-ikram qag’ıydaları, ta’rtip ha’m talaplarg’a boysınadı.

Ata-babalardın’ ta’rbiyag’a ta’n bolg’an da’stu’rleri xalıq pedagogikasında ma’lim-da’rejede ta’rtipke salınıp, o’z ta’jiriybelerinde o’nimli paydalanılg’an. Xalıq pedagogikası xalıqtın’ do’retiwshilik ha’m xojalıq mu’na’sibetleri menen

bekkem baylanısta bolıp, jaslardı ta’rbiyalawdın’ usıl ha’m ta’rtiplerin o’zine ja’mlegen, sonlıqtan olar a’wladtan-a’wladqa ta’sir etiw ku’shine iye.

Xalıq jaslardın’ sanalı qa’liplesiwinde olardın’ jasına ha’m uqıbına say ta’rbiya beriw da’stu’rlerinde jaratqan ha’m balalardı ha’r qıylı jas da’wirlerine bo’legende tikkeley ta’rbiyalıq maqsetti na’zerde tutqan, u’rp-a’det, da’stu’rlerdin’ ja’miyetlik turmıstag’ı xızmeti ko’pshilik jag’dayda baylanıslılıqta tu’sindirilgen. Bug’an qosımsha u’rp-a’det, da’stu’rler balanı ma’lim bir jas ayırmashılıg’ına ta’n psixologiyanı iyelewine bag’darlawshılıq qa’siyetlerine de iye. Xalıq balalardın’ jasına ha’m uqıbına qaray ta’rbiyalıq ta’sir ko’rsetip, a’dep-ikramlıq ha’m adamgershilik sapaların jas waqıtlardan baslap is ha’reketler ja’ne tu’sinikler ja’rdeminde jetilistiriwdi a’melge asırg’an.

A’sirese bul qubılıs balalardı miynetke ha’m o’nerge u’yretiw da’stu’rlerinde ayrıqsha inabatqa alıng’an. Olardın’ jeke uqıplılıqlarına u’lken ma’ni berip, miynetke ko’nlikpe ha’m o’ner u’yreniw jaslardın’ keleshek baxıtlı turmısının’ deregi dep tu’sindirilgen. Bulardan tısqarı jaslardı turmısqa jetistiriwde olardın’ baxıtlı xojalıq bolıwının’ da u’lken xızmeti bar dep qarag’anlıg’ın, bug’an erisiw ushın olardı ta’rbiyalaw da’stu’rleri ju’zege kelgenligin ko’remiz.

Juwmaqlap aytqanda, jaslarda milliy sananı jetilistiriwde ata-babalarımızdan miyras bolıp qalg’an ta’rbiya usıllarınan zamanımızg’a ha’m talapqa say ra’wishte paydalanıw, milliy ta’rbiyanın’ tu’rlerin durıs qollana biliw, olardan sheberlik penen paydalanıw ha’r bir ta’rbiyashıdan pidayılıqtı ha’m bekkem sabırlıqtı talap etedi. Jaslarg’a berilgen bunday ta’rbiya keleshekte o’z jemislerin bereri so’zsiz.

## A’debiyatlar.


1. Karimov İ.A. Yuksak manaviyat – engilmas kuch. T., Manaviyat, 2008

2. Abdimuratov P. Oliy maktabda eshlarni tarbiyalash masalalari. Ulug’bek akademiyasi va oliy maktab, Respublika ilmiy uslubiy anjumani. Toshkent 1994

3. Abdimuratov P. Milliy da’stu’rler ha’m jaslar ta’rbiyası, toplam. Qaraqalpaq xalqının’ etnopedagogikası No’kis «Bilim» 1995

4. Abdimuratov P. Xalıqtın’ milliy da’stu’rler ha’m shan’araq ta’rbiyası, toplam. Qaraqalpaq xalqının’ etnopedagogikası No’kis «Bilim» 1995

6. Achilov A. Nravstvennoe formirovanie budushego uchitelya. T.,1993

7. Asipova N.A Etnopedagogicheskiy aspekt formirovnaiya kulturı mejnatsionalnogo obsheniya shkolnikov sb. «Narodnaya pedagogika i sovremennıe problemı vospitaniya ch.8. Cheboksrarı, 1991

10. A’lewov. O’. Qaraqalpaqstanda ta’lim-ta’rbiyalıq oylardın’ ha’m rawajlanıwı. (qaraqalpaq xalqının’ pedagogikası tariyxı) No’kis, «Bilim» 1993

11. A’welov O’. A’yyemgi Orta Aziya xalıqlarının’ pedagogikalıq oyları. Oqıw quralı. No’kis «Bilim» 1993

13. A’welov O’. Muxammed payg’ambar alayhissalamnın’ ta’lim-ta’rbiyalıq oy pikirleri No’kis «Qaraqalpaqstan» 1993

14. A’welov O’. Stanovlenie i razvitie pedagogicheskoy mısli variant karakalpakstane. No’kis «Bilim» 1996

15. Husayn Voiz Koshifiy. Futuvvatnomai sultoniy. Axloqiy muhsiniy.T., O’zbekiston milliy entsiklopediyasi. 2011.

16. E. Yusupov, U. Yusupov. Oila – manaviyat bulog’i. T., 2003